Къэралрэ псоми я пролетархэ, фызэгухьэ!

Ленин гъуэгу

Ленинский путь

ГАЗЕТЫР 1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

КПСС-м И КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР ОБКОМЫМ, КъБАССР-м И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ, МИНИСТРХЭМ Я СОВЕТЫМ Я ОРГАН

ОРГАН КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОГО ОБЛАСТНОГО КОМИТЕТА КПСС, ВЕРХОВНОГО СОВЕТА И СОВЕТА МИНИСТРОВ КБАССР

№ 84 (1[illegible])

1990 ГЪЭМ АПРЕЛЫМ И 28, ЩЭБЭТ

Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ

И уасэр кІэпІейкІэ 3 щ.

ЗЫЗЭХЭЩІЫКІЫНЫР ЗЭХЪУЭКІЫНЫГЪЭМ И ТЕГЪЭЩІАПІЭЩ

М. С. ГОРБАЧЕВ Уралым и лэжьакІуэ коллективхэм яІущІащ

СВЕРДЛОВСК, апрелым и 26-м. (ТАСС-м и спец. корр.). Сыт щІэн хуейр нэхъыфІу псэун, социально-экономическэ щытыкІэр къэралым куууэ щызэхъуэкІын папщІэ? А ущІэр мызэ-мытІэу къэувыщ ССР-м и Президент, КПСС-м и ЦК-м и Генеральнэ Секретарь М. С. Горбачев Уралым и лэжьакІуэ коллективхэм щаІущІэкІэ. Нобэ махуэ етІуанэ мэхъу Михаил Сергеевич Свердловск къызэрыкІуэрэ.

Дыгъуасэ пщыхьэщхьэм «Уралмашым» и заводоуправленэм ар щаІущІащ рабочэхэм, инженерно-техническэ лэжьакІуэхэм, лэжьакІуэ коллективым и советым и профкомым, объединением и парт активым. Къызэхуэса псори зэІущІэри щекІуэкІ залым зэрыщІэмыхуам къыхэкІыу, ар зэрекІуэкІыр заводым и радиомкІэ къатащ щІыбым дэтхэми эхэхыу.

Сэ инкъукІэ сыхуейщ зэпІэзэрыту, Іуэхухэр куууэ зэпкърытхыу сынывэпсэлъэну, жиІащ М. С. Горбачев, зэІущІэр къызэІуихкІэрэ. Сыт дэ дызыгъэпІейтейр? Ар къэралым дежкІэ куэд щІэжьа, зылэжь, дяпэкІи зылэжьыну Уралым и зыужьыныгъэм иджыпсту ныкъусаныгъэ инхэр халъхьэрыт. Производствен-но, экономическэ къудейхэр мыхъуу, атІэ инкІи социальнэ Іуэхугъуэхэм я лъэныкъуэкІи ныкъусаныгъэхэр. Инки абыхэм щІыхухэм я гукъыдэжыр иреудых, нэгъуэщІ зыгуэру егъэгупсысэ. Дэ щытыкІэм дегъэпІейтей.

Сыхьэт зыбжанэ хъуауэ уралмашевцхэм дазэрыІущІэм, дазэрепсалъэм къагъэлъагъуэ ди дежкІэ нэс хъыбарыр зэрыпэжыр. Цыхухэр щыхьэт тохъуэ дэ дызыщыгъуазэхэм, дызыгъэпІейтейхэм. Дауэ щымытми, жыпІэ хъуну къыщІэкІынуш Уралым и производительнэ къарухэм я зыужьыныгъэр зыгуэркІэ лъэныкъуэбэ хъуауэ. Зы лъэныкъуэкІэ кадровэ, научнэ лъэщагъэ ин къызэгъэпэща хъуащ къалэн инхэр дяпэкІи зэфІигъэкІынфыну. Нэгъуэщі лъэныкъуэкІэ — экологием пыщІа Іуэхугъуэхэр, социальнэ ткІийгъыр къэзыша щхьэусыгъуэхэр къэуващ.

М. С. Горбачев уралмашевцхэр къыхуриджащ абы и лъэныкъуэкІэ Іуэхум зэрегупсысыр къыжаІэну.

Сэ фи обществэм сыкъызэрыкІуар инкІи ди зэІущІэхэр, пищащ абы адэкІэ, экономическэ реформэм и зыужьыныгъэм и лъэхъэнэ инкъукІэ мыхьэнэшхуэ зиІэм тохуэ. Дэ къызэдэкІащ а реформэм и зыхуэгъэхъазырыныгъэ хуэдэу щыт лъэхъэнэр, дыщыпсэу къэралыр зыхуэдэр зэпкърытхащ. Ди ехъулІэныгъэхэм къадэкІуэу ди узыфэхэри къыдгурыІуэжауэ къыщІэкІынущ. Дэ деплъащ экономикэм и Іэнатіэм и бгъэдыхьэкІэ куэдым, хозяйствэм и зехьэкІэщІэхэм. Зыгуэрхэр къыдэхъулІащ, зыгуэрхэри къыдахъулІакъым, зыщыпІэхэм дежи дыщыщыуащ.

Ауэ, дауэ щымытми, а лъэхъэнэр къызэдэкІащ инкІи иджыпсту дэ диІэщ правовой хабзэм и щІэдзапІэрэ экономическэ опытрэ. Дэ опыт зэдгъэгъуэтащ, нэгъуэщІу дыгупсысэу, нэгъуэщІу дызэпсалъэу щІэддзащ. Экономическэ реформэ куум зыщегъэувбгъэщ хъун щытыкІэ щыІэ хъуащ. Абы къэхэкІыун апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэхэм теухуауэ псалъэмакъыр едгъэкІуэкІыным мыхьэнэшхуэ иІэщ. Атіэми сэ солъагъу пІейтейныгъэ зэрыщыІэр. Ар холъагъуэ газетхэм къытрадзэ тхыгъэхэми, мыбы щекІуэкІ псалъэмакъми. Дауэ адэкІэ дызэрыпсэунур? Зарыщыту къапщтэмэ, псоми зи гугъу тщІыр нэхъыфІу дыпсэун, щытыкІэм нэхъыфІкІэ зихъуэжын папщІэ лэжьын хуейрщ. Народым и зышыІэныгъэр и кІэм нэсауэ къыщІэкІынущ. Абы тещІыхьауэ къапщтэмэ, мыбы къызэрыкІуам си дежкІэ хьэнэшхуэ иІэщ.

Дэ едгъэкІуэкІащ ССС[illegible] и Президент Совету [illegible] СССР-м и Федерацэм и [illegible] ветрэ Президент Советым и зэгъусэу я заседанэхэр, абы аргуэру къытедгъэзэ[illegible] нущ, итІанэ, зэрыжаІэ[illegible], цІыхухэм дахыхьанущ [illegible] тэмэму зэпэтшэчын папщІ[illegible]. Апхуэдэу дызэгъусэу тщ[illegible] хуейщ псоми, зыр зым [illegible] гурыІуэу дызэбгъэдэт нэ[illegible]кІэ. ГуащІэрыпсэухэм, [illegible]ралым я пащхьэ идгъэувауэ ди мурадыр тынш щытын[illegible]кым. Ауэ а гъэгуанэм [illegible]зыщрихьэлІэну гугъуехь[illegible] Іэмал зэриІэкІэ нэхъ мащІ[illegible] зыхэтщІэн папщІэ Іу[illegible]гъуэхэр длажьын хуейщ.

НужькІэ къэсэ[illegible]л[illegible], «Уралмаш» объединением и генеральнэ директор Н. Н. Строгановыр КІэщІу къыщІывыщІащ предприятэм и Іуэху зыІутым, коллективым и къалэнхэмрэ зэфІигъэкІын хуей Іуэхугъуэхэмрэ.

* * *

Апрелым и 26-м М. С. Горбачев пищащ Свердловск къалэм щыгъуазэ зэрыхъуным. Абы гуэлъитащ къалэм щыпэ щІалэгъуалэ псэупІэ комплексым куэд уназэм. Илъэс 13 и [illegible] Урал къыщІэІэта жэрдэмыр къэрал псом щызэлъашІэрсащ, псом япэу ар щІалэгъуалэм диІыгъащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, псэупІэм и Іуэхур дэни щытекІнащ.

Апхуэдэуи къэралым щытекІнащ ерыскъыпхъэм и Іуэхурри. Уралми зэрыщыцытыр апхуэдэущ. А Іуэхум нэхъ псынщІэу дауэ унафэ тещІыхьа хъуну советскэ цІыхухэм я сэбэп хэлъу? А упщІэм теухуауэ щытащ къалэ университэмхэм ящыщ зым щІэт щэхуакІуэхэмрэ сату лэжьакІуэхэмрэ СССР-м и Президентым ядригъэкІуэкІа псалъэмакъыр.

Свердловск и площадь нэхъыщхьэм, 1905 гъэм щыІа революцэм и цІэр зезыхьэм, СССР-м и Президентым, КПСС-м и ЦК-м и Генеральнэ секретарым В. И. Ленинным и фэеплъым удз гъэгъахэр щытрилъхьащ. Ар зэрыгуэшэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм щепсалъэм, Уралым и хабзэфІхэм, абы и къуэхэм, и пхъухэм Хэкум хуэпэжу зэрахьа лІыгъэм къытеувыІахэщ.

Урал итащІэ лъандэрэ къокІуэкІ Хэкум зэрызихъумэж Іэщэ инщІу. Мыбы къыщызэрагъэпэщащ зыхъумэжыныгъэм хуэлажьэ лъэщагъ ин. ЗэхъуэкІныгъэм къыдэкІуа политическэ гупсысэкІэщІэм къэралым Іэмал къыхуэзригъэпэщащ зыхъумэжным хуэлажьэ комплексым и лъэшагъэхэм щыщ Іыхьэмамыр псэукІэм узыщыхуей продукцэ къыщІэгъэкІыным триухуэну.

Тыншу щымыт а Іуэхур зэфІэгъэкІа зэрыхъум щыгъуазэ уеІ конверсие щрагъэкІуэкІ предприятэхэм ящыщ зым — Уральскэ электромеханическэ заводым цІыхухэм къагъэсэбэп хьэпшыпхэм я выставкэу къыщызэрагъэпэщам. Абы еплъащ М. С. Горбачев.

Пщыхьэщхьэм щІалэгъуалэм и Дворецым М. С. Горбачев щаІущІащ Свердловскэ областным и гуащІэрыпсэухэм я лІыкІуэхэм, партым, зауэм, лажьыгъэм я ветеранхэм.

ЗэІущІэм хэтхэм я пащхьэм къыщыпсэлъащ М. С. Горбачев.

* * *

Апрелым и 27-м СССР-м и Президент, КПСС-м и ЦК-м и Генеральнэ секретарь М. С. Горбачев металлургхэмрэ машинэ зыщІэхэмрэ я къалэ Нижний Тагил щыпащ, социально-экономическэ гъащІэм, народнэ хозяйствэм реформэ куу щегъэкІуэкІыным и зи чэзу Іуэхугъуэхэм теухуауэ рабочэ классым и лІыкІуэхэм епсэлъащ.

(ТАСС).

КПСС-м И ОБКОМЫМ

КПСС-м и обкомым и бюрор и зи чэзу заседанэ апрелым и 26-м екІуэкІам щытепсэлъыхьащ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэн и лъэныкъуэкІэ Бахъсэн район парт организацэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм. Къагъэлъагъуащ районым и парт, советскэ органхэм, нэгъуэщІ организацэхэри я гъусэу, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я псэукІэр къэІэтыным теухуауэ лэжьыгъэ белджылы зэрырагъэкІуэкІыр. Мыхьэнэшхуэ зиІэ а Іуэхур щІигъэхуэбжьащ Хэку зауэшхуэм советскэ народым Текlуэныгъэ къызэрыщихьэ илъэс 45-рэ зэрырикъум зыхуэгъэхьазырыным.

Районым щызэхалъхьащ икІи щагъэзащІэ 1991 гъэ щІондэ тещІыхьа «Гулъытэ» комплексэ программэр. Пенсионер 9.380-м дэтхэнэми хуэзэ пенсие тумэни 7-р нэхъыбэ хуащІащ. Бахъсэн къалэм къыщызэІуахащ Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ ныкъуэдыкъуэ хэхъухьахэмрэ, зауэлІ-афганцхэм, хэкІуэда дзэ къулыкъущІэхэм я унагъуэхэм Іуэхутхьэбзэ яхуэзыщІэ тыкуэн, мыдрейуэ районым и къуажэхэм дэт тыкуэн нэхъ инхэм — отдел, пІанэпэ щхьэхуэхэр. И пІалъэм къитІасэу гъэсэныпхъэкІэ къызэрагъэпэщ зауэм хэтахэр, зи закъуэу псэу зи ныбжь хэкІуэта цІыхухэр. Апхуэдэхэм ират медицинскэ дэлапьыкъуныгъэри ирагъэфІэкІуащ.

Ауэ абы къыдэкІуэуи Бахъсэн районым и парт, советскэ органхэм яхуэзэфІэкІакъым мылэжьэжыф, зи закъуэу псэу цІыхухэм гулъытэ щыхуащІ, ахэр зыщІэупщІэхэмрэ зыхуэныкъуэхэмрэ къыщалъытэ щытыкІэ дэнэ щІыпІи къыщызэрагъэпэщыну, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэн папщІэ зыхуей Іуэхугъуэ псори ялэжьыну. Абыхэм сату зэрыдащІым, унагъуэ Іуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащІэм, нэгъуэщІ социальнэ Іуэхугъуэхэр зэрыхуалэжьым иджыри арэзы укъыщыІэкынэу. Нобэр къыздэсым къызэрагъэпэщакъым махуэ къэсыхькІэ зыгуэрым и дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ цІыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ езыт отделэнэм и лэжьыгъэр. Ветеранхэр щылажьэ колхозхэм, совхозхэм, предприятэхэм я хъэкъкІэ пенсионэмрэ пособиехэмрэ яхущІыгъуным и Іуэхум зэрыхуэфэщэнкІэ районым зыщІагъэубгъуакъым. Къапщтэмэ, хозяйствэ 19-м щыщу 6-рщ зи лэжьакІуэу щытахэм я пенсиехэм яхущІызыгъуар. А хуитыныгъэр къагъэсэбэныхкъэкъым агропромышленнэ предприятэхэм. Районым цех е участкэ гуэри къыщызэІуахакъым ныкъуэдыкъуэхэр щылажьэ хъуну. Сатуущ организацэхэм зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр и фІагъкІи и лІэужьыгъуэкІи зыхуейм хуэдэу ерыскъыпхъэхэмкІэ къызэрагъэпэщыркъым. Абыхэм хущхъуэ щамыгъуэт къохъу, къуажэдэс жьыкІэфэкІэхэм яхуэзэгъэпэщыркъым. ПсэупІэхэр егъэфІэкІуэным и Іуэхуми унафэ тещІыхьа зэрыхъур хуэмуращ — зэгъэпэщыжын хуей фэтэрхэм я процент 40-рщ ремонт ящІар. Школакіуэхэмрэ лэжьакІуэ коллективхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэм зарадэІапыкъум кІэкІыпхъэ щыІэкъым, щадэІапыкъури зэзэмызэхъэщ. Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм Іуэхутхьэбзэ яхуэзыщІэным хэлъ ныкъусаныгъэшхуэхэр я нэхъыбапІэкІэ къыхокІ «Гулъытэ» программэр гъэзэщІэным районым и парт, советскэ органхэр ткІийуэ зэрыкІалъэмыплъым.

КПСС-м и обкомым и бюром къишта унафэм партым и Бахъсэн райкомым гу щылъыргъэтэжащ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным теухуауэ лэжьыгъэ зэрыкІэкІыр зэрымащІэм икІи районым и парт организацэхэм къалэн ящищІащ ныкъусаныгъэхэр гъэкІуэдын и Іуэхугъуэхэр зэфІагъэкІыну.

КПСС-м и обкомым и бюром унафэ къищтащ Къанкъул Шэмхьун Джыранды-къуэ и къуэмрэ Къанкъул Тепсарыкъуэ Бэчмырзэ и къуэмрэ парт Іуэху и лъэныкъуэкІэ хэй щІыкІым теухуауэ. (ТІури псэужькъым).

КПСС-м и обкомым и бюром и заседанэм нэгъуэщІ Іуэхухэм щыхэплъащ.

ХЭХАКІУЭХЭМ ЯЩІЭН ЩХЬЭКІЭ

РСФСР-м, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм, щыІэ Советхэм и щыІэныгъэ депутатхэм я [illegible]

Горцэ № 18, Чкаловскэ № 16, Ногмэ № 30, Дзержинскэ № 92, ахэр

Свердловскэ областым и гуащIэрыпсэухэм 1990 гъэм апрелым и 26-м щалущIам

М. С. ГОРБАЧЕВ КЪИПСЭЛЪАР

Уралымрэ Российскэ Федерацэмрэ я мызакъуэу, атIэ икIи зэрыщыту къэралым я индустриальнэ, политическэ, культурнэ, научнэ центр ин дыдэ Уралым, Свердловскэ областым сыкъызэрыкIуам си дежкIэ мыхьэнэ ин дыдэ иIэщ. Быдэу вжесIэфынущ Уралым и Iуэхухэр къэралым и унафэщIхэм фIыуэ къазэрыгурыIуэр.

Псори къэзгъанэу Свердловск сыкъэкIуэныр, фэ сыфIощIэныр IуэхугъуитIым кIэлэкIащ. Ди дежкIэ зэхэлъхьа хъуа икIи иджыпсту гъашIэм, экономикэм, политикэм, социальнэ IэнатIэм и теплъэ зы лIэужьыгъуэхэм дакъикIыу изгъэщIэным дащыхуэкIуэ лъэхъэнэм, нэхъ тIэкIий хъуа щытыкIэм кыхэкIыуэ уралыцхэм яхэлъ пIейтеягыгъэр. Абы кIищынэмыщIауи дэ дыбгъэдыхьащ зэхъуэкIыныгъэм и гъунапкъэу зыгъэзэнигъэщIэ ин тIыпын щыхуейм.

Иджыри къэс длэжьа псоми икъукIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ, ахэр инщ. Фэрэ дэрэ иджыпсту изгъэщI къэрал дыщопсэу, 1985 гъэм апрелым, зэхъуэкIыныгъэм и политикэм и япэ лъабакъуэхэр яку щыщIадзэм щыгъуэ елъытауэ. Сэ си фIэщ мэхъу — си гупсэщ фэ абыкIэ акъылэгъу фыхъуну — къэралыр япэм зэрыщытам ещхьу иджы зэрыщымытыжыну. Общественнэ гъащIэм и теплъэхэри, Iуэхугъуэ псоми я зыужьыкIэри щытыжынукъым япэм зэрыщытам хуэдэу. Сэ быдэу си фIэщ мэхъу: щыхэкIуэ иджы айIыгъу хъужынукъым япэм зэрыпсэуам хуэдэу псоуну. Дэ дызэрыкIуэну гъэзегъэкIащ. Обществэм щызэтрихьа упщIахэм я жэуапхэр къэлэхъуэн хуейщ, абы и зыужьыныгъэмрэ и къэщIэрэщIэжыныгъэмрэ я гъэзегъэкIэ япэкIэ кIуэтэн папщIэ щыпIэ псоми я гуащIэрыпсэухэм зэпымыууэ ечэнджэщын, япыщIауэ щытын хуейщ. Псом япэрауэ, арац къызыхэкIари сэ фи дежи сыкъэкIуэныр. Нэгъуэщ1 щIыпIэ мыхъуу фи дежи сыкъызэрыкIуамкIэ сыарэзыщ. Уралыцхэр, свердловчанхэр щIыхь зэпIэзэрытхэщ, Iуэхухэм фIыуэ хэзыщIыкIэщ, бгъэдыхьэкIэ тэмэмкIэ я телъхьэхэщ. Дыгъуасэ ноби сэ сэбэпынагъ сыпылъ псалъэмакъ щIыхухэм ядэгъэкIуэнкIащ. Уралмашевцхэ куууэ йогупсыс ахэр къикIуэт ямыIэу зи телъхьэ рынокым и щытыкIэхэм ито зэрыпсэуным. Абы къыдэкIуэуи къагъэуващ егугъуу икIи куууэ центрым щызэгупсысын хуей упщIэ куэд.

Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ уралыцхэр фIыуэ егупсысауэ псоми зэрыбгъэдыхьэм. Къэралым и унафэщIхэм, псом хуэмыдэу экономикэм и реформэр егъэкIуэкIыным пыщIахэм, Iуэхугъуэхэр хуагъэувкIэрэ, мыбы щыпсэу цIыхухэр зыгуэркIэм ящыгугъыркIым, атIэ Iуэхум тэмэму бгъэдэхьэ. Абыхэм къагуроIуэ Iуэхур здэщыIэр хъугъуэфIыгъуэхэр щIэрыщIэу гуэшыжыныр зэрымыарар, абыи лъабжьэ иIэу щыт пэтми, Уралым къэралым куэд ирет, къэралми абы алхуэдиз къиртыжын хуейщ. Ауэ гурыхь щIохъу уральцхэм мыпхуэдэу зэрыжаIэр: жэрдэм, хъэрычэт къэрал кIуэцIми абы и щIыбкIи къыщыдгъэлъэгъуэн папщIэ Iэмал нэхъыбэ къыдэфт. Дэ дыхьэзырщ ди пщэ жэуапльныгъэ дэтлъхьажыну, зэтрихьа Iуэхугъуэ куэдыр зэфIэдгъэкIыну.

Дэ Уралым дыщегупсысакIэ, дауи, ди Хэкум и тхыдэр, а щIыналъэм ищIа хэлъхьэныгъэр, мыбы щылэжьа, щыпсэуа цIыхухэр, я адэжьхэм я Iуэхум пащIу ноби щылажьэхэр дигу къыдогъэкIыж. ИнжыпхэкIэ Уралыр къэралым и тегъэщIапIэ щIыпIэщ — индустриальнэ, экономическэ, апхуэдэу научнэ, зыхъумэжыныгъэ лъэщагъ я лъэныкъуэкIэ Iуэхум убгъэдыхьэмэ. Ауэ къэрал псом и къалэнхэр зэфIэгъэкIын папщIэ Уралым куэд Iахауэ къыщIидзащ зэм щытыкIэ гуэркIэм къыхэкIыу, зэми фIыуэ емыгупсысынигъэм е инвестиционнэ политикэм къыщагъэхъуа щыуагъэхэм, щIыналъэм и зыужьыныгъэм и стратегиер тэмэму къызэрыхамыхам къыхэкIыу. ТекIуэныгъэм, зауэм зэхикъута хозяйствэр зэфIэгъэувэжыным, къарухэр дунейм щызэхуэдэ щIыным и Iуэхум унафэ тещIыхьыным, ТекIуэныгъэм историческиIэ кърикIуахэр советскэ народым хуэхъумэным уральцхэм, свердловчанхэм хуащIа хэлъхьэныгъэр ин дыдэщ.

Ар сигу къэзгъэкIыжкIэрэ, ветеранхэм хуащI фIыщIэмкIэ сэри сыаразыщ. Дэ абыхэм гуапэу дохуэхъу. Абыхэм хуитыныгъэ яIэщ иджыпсту мыбдежым щыIэну, дызытепсэлъыхь икIи унафэ зытетщIыхьыну ди мурад Iуэхугъуэхэм ди гуэсэу егупсысыну. Мыр абыхэм я щIыщ, я гуащIэдэкIщ, я лъырэ я щIантIэпсрэщ, ар абыхэм я гъащIэщ. Зыумысыжын хуейщ уральскэ щIыналъэм и зыужьыныгъэм ныкъусаныгъэ инзэр къызэрыщагъэхъуамкIэ. Мыбы зыхъумэжыным елэжь промышленностым, химиэм, промышленность хьэлъэм я предприятэ куэд щыIэщ. Абы экологическэ щытыкIэр нэхъри тIкIий ещI. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр социальнэ Iэнатlэм щыщIыгъэхэмыдэныгъэхэмрэ ныкъусаныгъэхэмрэщ. Егупсысын хуейщ центрми езы уральцхэми я къару зэгуэткIэ щытыкIэр гъэтэмэмыжа зэрыхъунум. Си гугъэмкIэ нэхъыщхьэр зыкъызыкъуэфхыну фэ Iэмал нэхъыбэ къыватынырщ.

Дэ дыхьэщ икъукIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ унафэхэр зэхэлъхьэныкъэрэ къэщтэныкъэрэ я лъэхъэнэм. Сэ солъагъу куэдыр мыпхуэдэ упщIэм зэригъэпIейтейр: сыт къикIыр щIэгъэпсынщIэныгъэм, экономическэ реформэр нэхъ куу щIыным, рынокым хуэкIуэным? Цыхухэр хуейщ псори Iупщ1у къагурыIуэну. АтIэми абы и лъэныкъуэкIэ прессэм куэдыр игъэщхьэрыуащ, правительствэм, Президент Советым кIэухыу унафэ къащтным пэмыплъэу.

ЖысIэн хуейщ а къалэныр зэфIэгъэкIыныр зыкъомкIэ нэхъ хуэму. едгъэкIуэкIыну зэрыдимурадар. Ауэ экономикэр къагъэщIэрэщIэжынымкIэ правительственнэ программэр, Н. И. Рыжков къыхилъхьар, къащта нэужь блэкIа иужьрей мазищ-плIым Iуэхухэр зэрекIуэкIым дыщеплъым гулъытщ егъэзыхыгъуэр нэхъ тIасхъэ къызэрымыхъум, атIэ нэхърэ задэ зэрыхъум. Упэплъэ хъунукъым. 1992—1993 гъэхэм длэжьыну ди мурада псори иджыпсту зэфIэгъэкIын хуейщ. Мы гъэм зыгуэрхэр зэфIэгъэкIын, мыдрейуэ рынокым хуэкIуэным теухуа лэжьыгъэ нэхъыщхьэм дызыхуэкIуэ илъэсым зегъэубгъуэн хуейщ.

Ауэ ар щытынукъым цIыхубэ информацым и Iэнатlэ язныкъуэкIэм общественнэм къыкIэщIадза «шоковэ терапиер» арауэ. Икlи къызыфIэгъэщIын хуейкъым псори щхьэж зэрыхуейуэ цIэрыIутIыпщ хъунукъым — рынокым езым уасэхэр иубзыхужыным, псори я пIэм иригъэувэжыным, псоми я унафэ ятещIыхьыным щыгугъыу. Апхуэдэу угупсысэныр губзыгъагъэхъын. Жысlэнущи, Польшэми апхуэдэу щащIыркъым, инэжыпIэкIэ абы экономикэр зэрагъэбыдэ узыхуэмей Iэмалхэр къыщагъэсэбэпми.

Iуэхухэр гугъуу щыщыт, зи щIыналъэр ин дыдэ ди къэралым дэ апхуэдэу щытщI хъунукъым. Абы къыхэкIыуи къыхалъхьэну Iуэхугъуэхэр ягъэхъэзыр финансова, потребительскэ рыночыр къэгъэщIэрэщIэжын, абы къыдэкIуэуи предприятэхэм хозяйствэр зехьэн и лъэныкъуэкIэ я-щхьэ и унафэ щащIыж хъу щытыкIэ къызэгъэпэщын зэрыхуейр къэлъытауэ. Рынокым и Iэмэпсымэ псоми — банкхэм, налогхэм, кредитнэ системэм — ехьэлIауэ унафэ зыкъом къащтэну я мурадщ. Икlи, дауи, оптовэ, розничнэ, зэращэху уасэхэр, антимонопольнэ законодательствэм теухуауэ унафэхэр. А псори фIыуэ зэгупсысауэ, лъэхъэнэкIэрэ тегуэшауэ щытынущ. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, дэ зыгуэрхэм дакъытеувыIэмэ, ахэр обществэм и пащхьэ къитлъхьанущ, лъэныкъуэ коллективхэм, щIыпIэхэм щытепсэлъыхьын папщIэ.

Цыхухэм я жэрдэмыр къэзыIэтын механизмэхэм дахуейщ. Абы щыгъуэм техническэ Iэмалхэр къэлъытхъуэныи щIидзэнущ, щIэныгъэ-техническэ зыужьыныгъэм и механизмэр и пIэм икIыу хуежьэнущ. Дэ цыхухэм я жэрдэмыр, техническэ зыужьыныгъэр щIэдгъэпсынщIэну, экономикэм Iуэхугъуэфl куэд кърикIуэныр къызэдгъэпэщыну, апхуэдэу щыщыткIэ социальнэ Iуэхугъуэхэм унафэ ятещIыхьыныкIэ Iэмалыщ1эхэр къызэIутхыну ди мурадщ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр рынокыр цIыхум папщIэ щыIэныр, армыхъумэ цIыхур рынокым и кIэрыдзэну щытыныркъым. Цыхухэм я сэбэп зыхэлъхэр гулъытэ нэхъыщхьэ зыхуэтщIхэу щыщыткIэ нэхъ хуэмыщIа цIыхухэм — пенсионерхэм, лажьапщIэ мащIэ фIэкI зрамытхэм, студентхэм, нэгъуэщIхэми — къащхьэщыжын хуейщ.

Хьэпшып нэхъыщхьэхэр, абыхэм ящыщу ерыскъыпхъэхэри, дэ щIэдгъэтын хуейщ кIэлъыплъыныгъэм. Арац рынокыр къэралым зэриунэтI системэ хъужри, цыхухэм социальнэу къащхьэщыкыным, зыгуэрхэр яхуэпшыныжыным, нэгъуэщI кIэнэмыщIхэми я механизмэхэр хэлъщ. Дэ къыпэщытщ а псоми икъукIэ мэжуапльныгъэ пылъу унафэ ятещIыхьыну хуейуэ.

Фи щIыпIэм иджыпсту щыпэхъыщхьэ Iуэхур — конверсиерщ. Сэ ар куууэ зыхэсщIащ зыхъумэжыным хуэлажьэ заводым машинэ зыщIхэм сащыщыIущIам. Предприятэ гъуэзэджэщ. Урал щIыпIэм щыкуэдщ зыхъумэжыным хуэлажьэ, лъэщагъыщхуэ зыбгъэдэлъ, Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI рабочэ класс, опыт зиIэ конструкторско-инженернэ кадр хэр щылажьэ, фондышхуэ зыбгъэдэлъ предприятхэр. Сэ къызолъытэ а ди лъэпкъ къулеигъэр губзыгъагъэщхуэ хэлъу къэдгъэсэбэпын хуейуэ, сыту жыпIэмэ я технологием и зыужьыныгъэмкIэ апхуэдэ коллективхэр я нэхъ машIэрамэ адрейхэм елъытауэ илъэсипщIкIэ япэ итщи. А Iуэхугъуэхэм иужь дыщихьа япэ лъэхъэнэм, сэ сызэреплъымкIэ, щыуагъэ гуэрхэр тIощIэкIащ. Уемыгупсысауэ Iуэхум яужь уихьэу, гугъуу зэхэлъ агрегатхэмрэ механизмэхэмрэ къыщIэгъэкIыныр зыхуэзэфIэкI Iэщlагъэлl хэм кIэструл ящIыну яхуэбгъэувыну губзыгъагъэхъым. Апхуэдэу Iуэхум дыбгъэдыхьэмэ, а Iэнатlэм зэхуэхьэса щыхъуа фIы куэд хэуга тщIынущ. А лъабжьэ къулейр къэгъэсэбэпыпхэщ щIыхухэри щIэныгъэри зыхуей, гугъуу азхэлъ изделиехэр, хьэпшыпыфIхэр къыщIэгъэкIын папщIэ. Мыбы щыщыIэщ щIыхум ехьэлIа Iуэхугъуэхэм унафэ ятещIыхьыным индустриальнэ комплексыр хуэунэтIыныкIэ хэкIыпIэ инхэм ящыщ зы.

Сэ икъукIэ ткIийуэ зыхэсщIащ псоупIэ Iуэхур 2000 гъэм ирихьэлIэу зэфIэдгъэкIа хъуным куэдыр зэригъэпIейтейр. Щхьэзакъуэ ухуэныгъэм, щIы ятыным, щIыхуэхэм, псоупIэ унэхэр зыхуэ нооперативхэм, ухуэныгъэм и лъабжьэм зегъэужьыным къэралым дяпкIэ зэрытригъэгушхуэнум теухуа упщIэхэр къагъэуващ. Сэ си мурадщ псоупIэ унахэр ухуэным зегъэубгъуным теухуауэ правительствэм къалэн щищIыну СССР-м и Президент Советым хуэзгъэувыну. Дэ дыхэплъэжын хуейщ капитальнэ хэлъхьэныгъэхэр зэрагуэш щIыкIэм, псоупIэ унэхэр ухуэным и лъабжьэм, ухуэныгъэ комплекс псом аргуэру зэ кыетедгъэзэжынщ, инэжыпIэкIэ мыбдежым рынок къыщызэIуихын хуейщ. Цыхухэм езыхэм куэд зэфIагъэкIынущ. Абы къыдэкIуэуи коллективхэм къамыгъэсэбэп ахъшэ

(ПэщIэдзэр. КIэухыр 2-нэ напэм).

миссэхэм Кьэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и хэхакIуэхэм хъыбар ирагъащIэ, хэхыныгъэм теухуа законхэм я 52-нэ статьям ипкъ иткIэ РСФСР-м и щIыхубэ депутат хэхыныкIэ Аруан лъэпкъ-щIыналъэ хэхыпIэ округ № 99-м, Кьэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и щIыхубэ депутатхэр хэхыныкIэ Интернациональнэ № 9, Комсомольскэ № 11, татэгъ хэхыныкIэ япэныкуэ хэхыпIэ округхэм гэ нэхъыбэ зыхуагъэта кандидатитIым щIэлэIэ хэхыныгъэхэр къытрагъэзэжу мы гъэм майм и 6-м зэрыщрагъэкIыщыкIэ.

Хэхакlуэ псори къыдогъэблагъэ хэхыныгъэхэм жыджэру хэтыну.

Хэхакlуэ комиссэхэр.

Гъатхэ махуэ гъэ егъашхэ

ЩIАКЪУЭЖ

Гъатхасэм щыпащэ Дзэлыкъуэ районым щыIэ «Малка» колхозым. Ар къагъэувыIэн хуей хъуат дунейр кIагъэнагъэу, уэшх кьешхыу зэрыщытам къыхэкIыу. Абы яфIигъэкIуэда зэманыр мащIэкъым, ауэ мэкъумэшыщIэхэр хущIокъу щIакъуэжыну, яхуэзэфIэмыкIар зэман гъунэгъум ягъэзэкIуэжыну. Нэхъыщхьэращи, гулъытэ нэхъыбэ зыхуащIыр лажьыгъэм фIагъ хэлъынырщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ иджы емыгугъуэ гъэмахуэмрэ бжыхьэмрэ зэрыхущIегъуэжыныр къагурогуэри, мы гъэм гъавэ бэ кърахьэлIэну къалэн зыщащIыжащ.

Хозяйствэм и унафэщIхэм хъыбар зэрыдагъэщIамкIэ, кIэртIофыр гектари 150-м хасакIащ, ар нэгъабэ елъытауэ гектар 50-кIэ нэхъыбэщ. Гъэ блэнам мэкъумэшыщIэхэм гектар кьэс кIэртIофу къыщатIыжыфар центнери 145-рэ къудейщ, ар районым щынэхъ бжыгъэ мащIэхэм яшыщщ. КIэртIофгъэкIэхэм я мурадщ абы центнер 15 мынэхъ мащIэкIэ хагъэхъуэну икIи а лъэкIыгъэр агротехникэм и хабзэм тету зэрызэрахьэным, бзаджэр къызэрагъэтыным хущIокъухэр.

Бригадирхэми я мэкъумэшыщIэхэм яжыгъэ пасэхэр щIым хагъэзэгъэуэ, ядыкъэураныр, гъавапхъэ, силосымхъэ, гибрид жылапхъэ нартыхуэр зытрасэну хьэсахэр ягъэхьэзыр. А къэкIыгъэхэм щIыхуэ лубыдынущ икIи сыныр зэман нэхъыфIым зэфIагъэкIыным щхьэкIэ щыуэфI дэтхэнэ сыхьэтри щIагъэкъуэн къащI.

Къэбэрдей-Балъкъэр дэрбзэр объединенэм и лэжьакIуэ пашэхэм ящыщ Щыноныуэ Леся (сурэтым). Ар кIыхэщыт къалэнхэм хъарзынэу полъэщ, къыщIэгъэкI хьэпшыпхэм фIагъ иIэщ.

Телыхар
ШОМАХУЭ Владимир.

М. С. ГОРБАЧЕВ КЪИПСЭЛЪАР

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ напэм).

яІэщ, языныкъуэ предприятехэм, колхозхэм зэрашІым хуэдэу, абыхэм ямышІыныкъ щІыхуэ ятыфынущ.

Сэ дыгъуасэ «Уралмашым» сыщыщІэупщІащ абы псоупІэ хуэмыныкъуэ, ауэ ак фатэрхэр къэзыщІахужыну хъэзыр лэжьакІуэхэр щыІэрэ щымыІэрэ. Си гугъэщ Іуэхур дэ апхуэдэу дгъэувамэ, ди деж псоупІэхэр нэхъыфІыуи хъума щыхъуну, унагъуэ псоупІэ Іуэху куэдри нэхъ тыншу зэфІэгъэкІа хъуну.

Рабочэхэм сашепсалъэми, мыбдежми нэхъыщхьэу щыжаІэр мыращ дэ — дыгъэІэхэщ, дыуральщхэщ, дэ — дыиндустриещ, псоми машинэхэр, металл ядот, адрейхэм дэ дрегъашхэ, Іуэхур апхуэдэу бгъэувыныр, ныбжьыгъуэ, тэмэмкъым. Къэралым уральцхэр диІытын зэрыхуейм кІэ сыкъэлыгъэщ икІи дэ, псом хуэмыдэу щытыкІэр щыткІий лъахъэнэм, дыкІэлъоплъ Свердловск, Челябинск, нэгъуэщІ уральскэ щыпІэхэм Іэрагъэхьэн хуейхэр зэблэмыуным, ар апхуэдэу къомытэхъуныр язныкъуэкІэ гугъуу щытми.

Ауэ ди щІыху къэс щІыуэ гектар 0,3-рэ щахуэзэ щыпІэм апхуэдэу Іуэхум ущегупсыс хъунукъым. Ар Къуькъэпэ Европэм щыщ къэралхэм я нэхъыбапІэм дежкІэ курыт нормэщ. АтІэ абыхэм щыпсэухэм езыхэм ерыскъыпхъэкІэ зыкъызэрагъэпэщыж къудейу

хэм, правительствэм дыкъигъэгуэгъащ мэкъумэлэжІэ къыддэлэжьакъуэм. Ауэ фэ сэыхэми хэвгъэхъуэн хуейщ.

Уэрамыр и лэжьакІуэхэм сашыгушІэкІэ къэІэт Іуэхугъуэ нэхъ куухэм ящыщ зыщ Іуэхур партым зэрыщыщытыр.

Ди обществэр зэрыэтхъуэкІыр, къызэрыгъэщІэрэщІэжыр, зэрегъэфІакІуэр къыдэхъуэлІэн щхьэкІэ партри здгъэфІакІуэн, къэдгъэщІэрэщІэжын хуейщ. Ар ленинскэ Іуэху бгъэдыхьэкІэщ. ГъащІэм зехъуэж, обществэр зы лъэхъэным къыохІри адрейм хохьэ. Партым и къалэным, и ухуэкІэм, и лэжьэкІэм захъуэж. Абы къыхэкІыу дэ ревизионист Іуэхугъэм дыхьэхъуэ, большевикхэм илъэс Іэджэ лъандэрэ зэрагъэпэщахэр тхъутэжу зыгуэрхэм дагъэкъуэншэну хуейуэ щытмэ, абыхэм болышевизмэри, ленинизмэри, ауэ гъащІэри зиІысыр къагурыІуэкъым.

Партыр лъэхъэнэ гугъум хэтщ. Ар икІи гурыІуэгъуэщ. Ар командно-административнэ хабзэм и нэхъыщхьэу, абы хэщІыхьа политическэ механизмэу, и лъынтхуэу щытащ. А хабзэм лъэхъэнэ гуэрхэм сэбэпынагъ пылъащ, ауэ мыхъонэ зэримыІэжрэ, абы къышымынэу — зэранагъэ иІэ зэрыхъуэ куэд щІащ.

Административнэ хабзэм гъэр демократизацэ щІыным хуэунэтІауэ райкомым къызэригъэпэща Іуэхугъуэщ. Апхуэдэу пэщІэдзэ парт организацэхэм къыщагъэлъэгъуауэ щытащ район парт организацэм и унафэщІу щытыну коммунистхэм дэыхь зыхуащІхэр. Къапщтэмэ, къагъэлъэгъуат япэ секретарым и къулыкъур зэрахьэну яхуэфащэу цІыхухэт, етІуанэ секретару хэпх хъуну цІыхуищ.

Конференцыр зэрекІуэкІами къигъэлъэгъуащ Аруан район парт организацэм и гъащІэм азхъуэкІыныгъэр хэпща зэрыщыхъуар. Псом хуэмыдэу ар къыхэщащ докладым зэрытепсэлъыхьа щІыкІэм. Цыху 15 къэпсэлъати, хэти ирехъуи — парт лэжьакІуэ е рабочэ, хозяйственнэ унафэщІ е мэкъумэшІэ — япэхэм хуэдэу зыри къэувакъым езыр зыхэт парт организацэм е зы-Іут ІэнатІэм щызэфІэкІа Іуэхугъуэхэр кърибжэкІыу. Къанэ щІагъуэ щымыІэу псоми гупсысэ зыхэлъ, район парт организацэм и лэжьыгъэ гуэрхэр щызэІарагъэхьну зэрыпылъыр арщ. Гъэзагъэнокъуэм и цІэкІэ щыІэ колхозым и председатель Хъурей Анатолэ къыхилъхьащ райкомым и бюром хэтхэм я бжыгъэр гъэмэщІэн, абы хахахэм абыкІэ пщІэ лей хуащІ къудейуэ мыхъуу, атІэ лэжьыгъэ пыухыкІа ирагъэкІуэкІыу щытын хуейуэ. «Адыгэ хасэм» и къудамэ районым къыщызэрагъэпэщам гулъытэ нэс зэрыхуамыщІым. ХэзэфІэкІынумкІэ ар парт организацэхэм дэІэпыкъуэгъу къызэрамыщІми щытепсэлъыхьащ конференцым. «Урыхум» совхозым и парт организацэм и секретарь Мэкъуауэ Заур къызэрилъытэмкІэ, тэмэмкъым нужь илъэсибл езыр а ІэнатІэм зэрыІутым кърибудыдэу пэщІэдзэ парт организацэхэм я секретархэм ящыщу зыри парт еджапІэхэм зэрамыгъэкІуар — апхуэдэ пщІэ зыхуэфащэхэр щыІэщ. Зэгупсысыпхъэщ парт организацэм и секретарым и статус зэрыщымыІэри. Абы и къалэнхэмрэ и хуитыныгъэхэмрэ нэсу убзыхуакъым. Район газетым и редакцэм и лэжьакІуэ Гъуэплъащ Заудин мыпхуэдэ Іуэхугъуэ къыхилъхьащ: тэмэм хъунт конференцым ирихьэлІэу партым и райкомым и аппаратым зэрыщыту зэбгрыуты-пщыкІыкъуэ къолъытэныр, итІанэ зэпеуэныгъэкІэ зыхуэфащэхэр лажьэу щытахэм къахэхыжыныр, ІэнатІэм емыхъулІэхэм я пІэкІэ, ари зэпеуэныгъэкІэ, лэжьакІуэщІэхэр къэщтэныр.

Зи гугъу тщІахэм къагъэлъагъуэ партым и райкомым къалэныпхуэхэр къызэрыпэщытыр, хуэмыгъэзащІэу ІэщІэкІан мымащІэу зэрыщыІэр. Апхуэдэу щытми, конференцым къыщыпсэлъахэм къыжаІащ зытепсэлъыхь зэманым кърибудыдэу партым и райкомым илъэжьам арэзы утехъуэ хъуну. АтІэ сыт хуэдэ лэжьыгъэ ар? КІэщІу къэбгъэлъагъуэмэ, мыращ. Райкомым и аппаратым и лэжьакІэм зарагъэхъуэжащ. Хозяйственно-экономическэ лэжьыгъэм и унафэ щІыным къызэрыпыкІам Іэмал кънтащ отделитІ зэхуащІыкыну. А лэжьыгъэр уиэтІыныр политическэ Іуэхухэмкіэ къызэрагъэпэщ. Мыбдеж сабэп хъуащ лэжьыгъэ ІэнатІэ пэрыт коммунистхэм яхь жэуапльщыгъэр зэрагъэткІиыр. Парт комитетхэм, бюрохэм я лэжьыгъэм нэхъ хэлъ хъуащ нахуагъэ, ныкъусапыгъэхэмкІэ тепсэлъыхьын икІи зытепсэлъыхьыжын. Идеологическэ лэжьыгъэр гъащІэм, цІыхухэм яфІ зыхэлъхэм нэхъ епха мэхъу. Экономикэм зегъэужьыным, социально-экономическэ Іуэхугъуэхэр зэфІэгъэкІыным пэщІэдзэ парт организацэхэм хуащІ хэлъхьэныгъэм хэхъуащ. Ар къызэкІащ унафэ щІынэр политическэ Іэмалхэм зэрыхуагъэкІуам икІи абы фІы куэд къыдэкІуащ.

Агропромышленнэ комплексым хэщІыкІыу зиужьащ. Бэджандым, хозрасчетым я фІыгъэкІэ мэкъумэш производствэм и рентабельностыр процент 36-м нэсащ, хозяйствэхэм хэхъуэу къаІэрыхьэр хуэдитІрэ ныкъуэкІэ нэхъыбэ хъуащ.

Конференцым щызэпкърахащ зытепсэлъыхь лъэхъэнэм партым и райкомым къемыхъулІахэри. Доклад зыщІам зэрыкІэщІащи, къызэрагъэпэща комиссэхэм я лэжьыгъэр зэрыщытын хуейм хуэдэу зэтеухуа хъуакъым. Абыхэм хагъэхьа псори жыджэру партлэжьыгъэм хэтакъым. Унафэ къащтахэр, цІыхухэр къызэрагъэгугъахэр гъэзэщІа щымыхъу щыІащ. ПэщІэдзэ парт организацэ куэдым я пщІэр йохуэх, я къалэнхэр нэсу зэрамыгъэзащІэм къыхэкІыу. Абы къегъэлъагъуэ а организацэхэм инструкторхэм хуэфэщэн лэжьыгъэ зэрыдрамыгъэкІуэкІыр. Уримыгъэзэнкіэ Іэмал зимыІэщ партым и пщІэр зэрехуэхым. КонференцитІ зэхуакум дэлъ зэманым кърибудэу партым хыхьэхэм я бжыгъэр тІукІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Абы и закъуэкъым, зи парт билетыр зытыжхэм я бжыгъэм хохьуэ. Нэгъабэ цІыхубгъу партым хэкІыжащ. Коммунистхэм куэду яхэт хъуащ псалъэм зыдезыгъэхьэх, Іуэху еплъыкІэ быдэ зимыІэ.

Экономикэм зегъэужьыным и лъэныкъуэкІи зэфІэмыкІауэ къанэр щыІэныгъэм и лъэныкъуэкІи къыщыпсэлъащ. Зи къалэн зымыгъэзащІэ завод, фабрикэ щыІэхэщ, лэжьакІэжьхэр нэхъ къэзыщтэ унафэщІхэми уагурохьэлІэ. Уегъэпейтей ухуакІуэ организацэ язычыкъуэхэм щыІэ хъуа щытыкІэм.

Къалэныпхуэхэр къапэщытщ къуажэхэм щылажьэ парт организацэхэм. Зэманым къигъэлъэгъуащ колхозхэм, совхозхэм къыщагъэсэбэп хъуа лэжьакІэщІэхэм я ефІэкІыныгъэр. Ауэ ахэр зыубгъуауэ лэжьыгъэ Іэнатіэхэм хэщІэным, цІыхухэр абыхэм дегъэхьэхьыным, унафэ ткІийм икъуэуэ щыта лэжьакІуэхэм я жэрдэмыр къэІэтыжыным пэщІэдзэ парт организацэхэм, абыхэм я комитетхэм, бюрохэм хуэфэщэн гулъытэ хуащІыркъым.

Парт гулъытэ хуэныкъуэщ нэгъуэщІ Іуэхугъуэ куэди. Апхуэдэщ цІыхухэр зыхуей хъэшыпхэр районым щылажьэ предприятэхэм, абыхэм кооперативхэри яхэту, къыщыщІагъэкІыныр, ахэм я фІагъымрэ уасэмрэ цІыхур арэзы зытехъуэу щытынэр, ахэр районым щащэныр къызэгъэпэщыныр. ИкІыщІыпІэкІэ егъэфІакІуэн хуейщ Іуэхутхъэбзэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьакІэр.

Мы пыкъусаныгъэхэр гъэзэкІуэжа зэрыхъун Іуэхугъуэ пыухыкІахэр къыщыгъэлъэгъуащ райкомым и отчетым теухуауэ конференцым къыщащта унафэм.

Зэрыжытіащи, щІэ куэд хэлъу екІуэкІащ конференцыр. Апхуэдэу щытащ партым и райкомым и япэ секретарыр хэхыпри. Коммунистхэм я унафэм тету а Іэнатіэр зэрихьэну щыхуагъэфащэу Іэ щІаІэтынухэр конференцым къыщагъэлъэгъуащ. Апхуэдэ дэыхь хуащІащ райкомым и япэ секретару лэжьа Жаным Русланрэ секретару щыта Чэт Юрэрэ. А тІум я унэщІэхэр бюллетеным итхэным теухауэ Іэ Іэтыным щынэсым, Чэтым конференцым зыхунагъэзащ лъэІукІэ и унэщІэр къамыгъэлъэгъуэну. Щэхуу Іэ зэраІэтамкІэ къанэ щІагъуэ щымыІэу делегатхэр Жаным и телъхьэу ' къыщІэкІащ.

Апхуэдэу етІуанэ секретару лэжьэну зыхуагъэфэщахэри конференцым къыщагъэлъэгъуащ. Цыхуищым ар хуагъэфэщатэ, тІур я кандидатурэр бюллетеным иратхэнымкІэ акъылгъу хъуакъым.. ЕтІуанэ секретару Чэт Юрэ хахащ.

Партым и райкомым и секретару Мартынов Иван Сергеевич хахащ.

ЩІэуэ конференцым щекІуэкІахэм ящыщ партым и райкомым хагъахьахэм я бжыгъэр зэрагъэмэщІар, партым и райкомым хэтхэм я кандидатхэр зэрыхамыхыхар, район парт организацэм и ревкомиссэм и пІэкІэ контрольно-ревизионнэ комиссэ зэрыхахар.

Конференцым и лэжьыгъэм хэтахэщ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретарь Сэхъу В. Къ., партым и обкомым къызэгъэпэщныгъэ-парт лэжьыгъэмкІэ, кадрхэмкІэ и отделым и унафэщІ Жыдкэт А. А., Сэхъу В. Къ. конференцым къыщыпсэлъащ.

ГЪУБЖОКЪУЭ Мулэт.

Зэхъуэкіыныгъэм дежІуу. щІэм тету екІуэкІауэ убж хъунур сыт хуэдэ конференц? Дауи, доклад купщІафІэ щащІа, лэжьыгъэм и ІэнатІэ псори зэпкърахыу щытепсэлъыхьа, къайхъулІам и мызакъуэу, ныкъусаныгъэхэри къыщыщІагъэщта, ахэр зэрагъэкІуэдыным, япэкІэ Іуэхур зэрагъэкІуэтэным и Іэмалхэр щаубыхуар арауэ къыщІэкІынщ. Щыхэмысыпа гуэрхэр хэтми, апхуэдэу екІуэкІауэ жыпІэ хъунущ Аруан район парт организацэм и XXXIV-нэ отчет-хэхыныгъэ парт конференцыр.

Зытепсэлъыхь лъэхъэнэм къриубыдэу райкомым и лэжьыгъэм теухуауэ абы и япэ секретарь - Жаным Руслан ищІа докладым щІэм и нэщэнэ куэд хыболъагъуэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр къызэрагъэпэщыну комиссэу щы, райкомым и секретархэр я унафэщІу, хахауэ зэрыщытар. Апхуэдэщ райкомыр хозяйственно-экономическэ лэжьыгъэр егъэкІуэкІыным къызэрыпыкІар. Советхэм, профсоюзхэм, комсомолым хуиту лэжьэну Іэмал зэрариткІар. Апхуэдэхэщ идеологическэ лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп хъуа Іэмалхэри: тхыгъэ зэІухахэм я махуэхэр, информационно-пропагандист гупхэр, щызэдауэ клубхэр, обществено-политическэ центрхэр. Зэи щымыІащ район парт организацэм Іэ Іэткіэ хах и органхэм хыхьэну коммунистхэр пэщІэдзэ организацэхэм къызэрыщагъэлъэгъуар. Ари парт лэжьыгъэр демократизацэ щІыным хуэунэтІауэ райкомым къызэригъэпэща Іуэхугъуэщ. Апхуэдэу пэщІэдзэ парт организацэхэм къыщагъэлъэгъуауэ щытащ район парт организацэм и унафэщІу щытыну коммунистхэм дэыхь зыхуащІхэр. Къапщтэмэ, къагъэлъэгъуат япэ секретарым и къулыкъур зэрахьэну яхуэфащэу цІыхуитІ, етІуанэ секретару хэпх хъуну цІыхуищ.

Конференцыр зэрекІуэкІами къигъэлъэгъуащ Аруан район парт организацэм и гъащІэм азхъуэкІыныгъэр хэпща зэрыщыхъуар. Псом хуэмыдэу ар къыхэщащ докладым зэрытепсэлъыхьа щІыкІэм. Цыху 15 къэпсэлъати, хэти ирехъуи — парт лэжьакІуэ е рабочэ, хозяйственнэ унафэщІ е мэкъумэшІэ — япэхэм хуэдэу зыри къэувакъым езыр зыхэт парт организацэм е зы-Іут ІэнатІэм щызэфІэкІа Іуэхугъуэхэр кърибжэкІыу. Къанэ щІагъуэ щымыІэу псоми гупсысэ зыхэлъ, район парт организацэм и лэжьыгъэ гуэрхэр щызэІарагъэхьну зэрыпылъыр арщ. Гъэзагъэнокъуэм и цІэкІэ щыІэ колхозым и председатель Хъурей Анатолэ къыхилъхьащ райкомым и бюром хэтхэм я бжыгъэр гъэмэщІэн, абы хахахэм абыкІэ пщІэ лей хуащІ къудейуэ мыхъуу, атІэ лэжьыгъэ пыухыкІа ирагъэкІуэкІыу щытын хуейуэ. «Адыгэ хасэм» и къудамэ районым къыщызэрагъэпэщам гулъытэ нэс зэрыхуамыщІым. ХэзэфІэкІынумкІэ ар парт организацэхэм дэІэпыкъуэгъу къызэрамыщІми щытепсэлъыхьащ конференцым. «Урыхум» совхозым и парт организацэм и секретарь Мэкъуауэ Заур къызэрилъытэмкІэ, тэмэмкъым нужь илъэсибл езыр а ІэнатІэм зэрыІутым кърибудыдэу пэщІэдзэ парт организацэхэм я секретархэм ящыщу зыри парт еджапІэхэм зэрамыгъэкІуар — апхуэдэ пщІэ зыхуэфащэхэр щыІэщ. Зэгупсысыпхъэщ парт организацэм и секретарым и статус зэрыщымыІэри. Абы и къалэнхэмрэ и хуитыныгъэхэмрэ нэсу убзыхуакъым. Район газетым и редакцэм и лэжьакІуэ Гъуэплъащ Заудин мыпхуэдэ Іуэхугъуэ къыхилъхьащ: тэмэм хъунт конференцым ирихьэлІэу партым и райкомым и аппаратым зэрыщыту зэбгрыуты-пщыкІыкъуэ къолъытэныр, итІанэ зэпеуэныгъэкІэ зыхуэфащэхэр лажьэу щытахэм къахэхыжыныр, ІэнатІэм емыхъулІэхэм я пІэкІэ, ари зэпеуэныгъэкІэ, лэжьакІуэщІэхэр къэщтэныр.

Зи гугъу тщІахэм къагъэлъагъуэ партым и райкомым къалэныпхуэхэр къызэрыпэщытыр, хуэмыгъэзащІэу ІэщІэкІан мымащІэу зэрыщыІэр. Апхуэдэу щытми, конференцым къыщыпсэлъахэм къыжаІащ зытепсэлъыхь зэманым кърибудэу партым и райкомым илъэжьам арэзы утехъуэ хъуну. АтІэ сыт хуэдэ лэжьыгъэ ар? КІэщІу къэбгъэлъагъуэмэ, мыращ. Райкомым и аппаратым и лэжьакІэм зарагъэхъуэжащ. Хозяйственно-экономическэ лэжьыгъэм и унафэ щІыным къызэрыпыкІам Іэмал кънтащ отделитІ зэхуащІыкыну. А лэжьыгъэр уиэтІыныр политическэ Іуэхухэмкіэ къызэрагъэпэщ. Мыбдеж сабэп хъуащ лэжьыгъэ Іэнатіэ пэрыт коммунистхэм яхь жэуапльщыгъэр зэрагъэткІиыр. Парт комитетхэм, бюрохэм я лэжьыгъэм нэхъ хэлъ хъуащ нахуагъэ, ныкъусапыгъэхэмкІэ тепсэлъыхьын икІи зытепсэлъыхьыжын. Идеологическэ лэжьыгъэр гъащІэм, цІыхухэм яфІ зыхэлъхэм нэхъ епха мэхъу. Экономикэм зегъэужьыным, социально-экономическэ Іуэхугъуэхэр зэфІэгъэкІыным пэщІэдзэ парт организацэхэм хуащІ хэлъхьэныгъэм хэхъуащ. Ар къызэкІащ унафэ щІынэр политическэ Іэмалхэм зэрыхуагъэкІуам икІи абы фІы куэд къыдэкІуащ.

Агропромышленнэ комплексым хэщІыкІыу зиужьащ. Бэджандым, хозрасчетым я фІыгъэкІэ мэкъумэш производствэм и рентабельностыр процент 36-м нэсащ, хозяйствэхэм хэхъуэу къаІэрыхьэр хуэдитІрэ ныкъуэкІэ нэхъыбэ хъуащ.

Конференцым щызэпкърахащ зытепсэлъыхь лъэхъэнэм партым и райкомым къемыхъулІахэри. Доклад зыщІам зэрыкІэщІащи, къызэрагъэпэща комиссэхэм я лэжьыгъэр зэрыщытын хуейм хуэдэу зэтеухуа хъуакъым. Абыхэм хагъэхьа псори жыджэру партлэжьыгъэм хэтакъым. Унафэ къащтахэр, цІыхухэр къызэрагъэгугъахэр гъэзэщІа щымыхъу щыІащ. ПэщІэдзэ парт организацэ куэдым я пщІэр йохуэх, я къалэнхэр нэсу зэрамыгъэзащІэм къыхэкІыу. Абы къегъэлъагъуэ а организацэхэм инструкторхэм хуэфэщэн лэжьыгъэ зэрыдрамыгъэкІуэкІыр. Уримыгъэзэнкіэ Іэмал зимыІэщ партым и пщІэр зэрехуэхым. КонференцитІ зэхуакум дэлъ зэманым кърибудэу партым хыхьэхэм я бжыгъэр тІукІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Абы и закъуэкъым, зи парт билетыр зытыжхэм я бжыгъэм хохьуэ. Нэгъабэ цІыхубгъу партым хэкІыжащ. Коммунистхэм куэду яхэт хъуащ псалъэм зыдезыгъэхьэх, Іуэху еплъыкІэ быдэ зимыІэ.

Экономикэм зегъэужьыным и лъэныкъуэкІи зэфІэмыкІауэ къанэр щыІэныгъэм и лъэныкъуэкІи къыщыпсэлъащ. Зи къалэн зымыгъэзащІэ завод, фабрикэ щыІэхэщ, лэжьакІэжьхэр нэхъ къэзыщтэ унафэщІхэми уагурохьэлІэ. Уегъэпейтей ухуакІуэ организацэ язычыкъуэхэм щыІэ хъуа щытыкІэм.

Къалэныпхуэхэр къапэщытщ къуажэхэм щылажьэ парт организацэхэм. Зэманым къигъэлъэгъуащ колхозхэм, совхозхэм къыщагъэсэбэп хъуа лэжьакІэщІэхэм я ефІэкІыныгъэр. Ауэ ахэр зыубгъуауэ лэжьыгъэ Іэнатіэхэм хэщІэным, цІыхухэр абыхэм дегъэхьэхьыным, унафэ ткІийм икъуэуэ щыта лэжьакІуэхэм я жэрдэмыр къэІэтыжыным пэщІэдзэ парт организацэхэм, абыхэм я комитетхэм, бюрохэм хуэфэщэн гулъытэ хуащІыркъым.

Парт гулъытэ хуэныкъуэщ нэгъуэщІ Іуэхугъуэ куэди. Апхуэдэщ цІыхухэр зыхуей хъэшыпхэр районым щылажьэ предприятэхэм, абыхэм кооперативхэри яхэту, къыщыщІагъэкІыныр, ахэм я фІагъымрэ уасэмрэ цІыхур арэзы зытехъуэу щытынэр, ахэр районым щащэныр къызэгъэпэщыныр. ИкІыщІыпІэкІэ егъэфІакІуэн хуейщ Іуэхутхъэбзэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьакІэр.

Мы пыкъусаныгъэхэр гъэзэкІуэжа зэрыхъун Іуэхугъуэ пыухыкІахэр къыщыгъэлъэгъуащ райкомым и отчетым теухуауэ конференцым къыщащта унафэм.

Зэрыжытіащи, щІэ куэд хэлъу екІуэкІащ конференцыр. Апхуэдэу щытащ партым и райкомым и япэ секретарыр хэхыпри. Коммунистхэм я унафэм тету а Іэнатіэр зэрихьэну щыхуагъэфащэу Іэ щІаІэтынухэр конференцым къыщагъэлъэгъуащ. Апхуэдэ дэыхь хуащІащ райкомым и япэ секретару лэжьа Жаным Русланрэ секретару щыта Чэт Юрэрэ. А тІум я унэщІэхэр бюллетеным итхэным теухауэ Іэ Іэтыным щынэсым, Чэтым конференцым зыхунагъэзащ лъэІукІэ и унэщІэр къамыгъэлъэгъуэну. Щэхуу Іэ зэраІэтамкІэ къанэ щІагъуэ щымыІэу делегатхэр Жаным и телъхьэу ' къыщІэкІащ.

Апхуэдэу етІуанэ секретару лэжьэну зыхуагъэфэщахэри конференцым къыщагъэлъэгъуащ. Цыхуищым ар хуагъэфэщатэ, тІур я кандидатурэр бюллетеным иратхэнымкІэ акъылгъу хъуакъым.. ЕтІуанэ секретару Чэт Юрэ хахащ.

Партым и райкомым и секретару Мартынов Иван Сергеевич хахащ.

ЩІэуэ конференцым щекІуэкІахэм ящыщ партым и райкомым хагъахьахэм я бжыгъэр зэрагъэмэщІар, партым и райкомым хэтхэм я кандидатхэр зэрыхамыхыхар, район парт организацэм и ревкомиссэм и пІэкІэ контрольно-ревизионнэ комиссэ зэрыхахар.

Конференцым и лэжьыгъэм хэтахэщ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретарь Сэхъу В. Къ., партым и обкомым къызэгъэпэщныгъэ-парт лэжьыгъэмкІэ, кадрхэмкІэ и отделым и унафэщІ Жыдкэт А. А., Сэхъу В. Къ. конференцым къыщыпсэлъащ.

ГЪУБЖОКЪУЭ Мулэт.

КЪАЛЭ, РАЙОН ПАРТ КОНФЕРЕНЦХЭМ

ЩІЭУЭ КУЭД ХАЛЪХЬАЩ

МУСЛЪЫМЭНХЭР НЭЩІ ИКІЫЖАЩ

Къэбэрдей - Балъкъэрым шыпсэу муслъымэнхэр, дин кІэзэрыгъэувым инкъ иткІэ, мазэкІэ нэщІ исахэщ, икІи апрелым и 26-м нэщІ икІыжахэщ. А зэманым кІриубыдэу республикэм и жылагъуэхэм дат мэжджытхэм пщыхъэщхьэкІэрэ щекІуэкІащ турыхь, мэрем махуэхэм лІыжьхэр екІуэлІащ жумэм.

А зэІущІэхэми нэщІыр зэриухым и щІыхькІэ екІуэкІ хьид махуищми муслъымэнхэр тепсэлъыхьащ щІалэгъуалэр тэмэму гъэсэным, къуажэхэм хабзэ, нэмыс дэлъным, хуэмыщІауэ псэу пІыхухэм мылъкукІэ ядэІэпыкъуным екІолІа Іуэхугъуэхэм.

Мы гъэр шым и гъэщ. Адыгэм и гъащІэм шым мыхьэнэшхуэ щиІащ. Ижь зэман лъандэрэ елІаІэурэ, адыгэм езым и шы лъэпкъ кІигъэхъуащ. Абы «адыгэшкІэ» еджэу щІадзащ. Гъуэгуз лъэпкъхэми адыгэшыр гунэс ящыхъуауэ уаиэшу ящэхурт. Адыгэшыр Іэсэт, жэрт, ныбэкІэ бэшэчт, гугъуехьым щыщынэртэкъым.

Адыгэшыр щызэфІэувамэ жыжьэм ар адыгэ псоми я зэхуэдэ шы лъэпкъыу щытащ.

Адыгэшыр нэхъыбэу пщІэгъуэлъэт, ауэ пщІагъуалэ е къарэ зырызыхэ яхэтт. КъэкІуатэурэ, адыгэшыр нэхъыбэ хъуху, лъэпкъкІэ зэщхьэщыкІ хъуащ. Адыгэшыр къэзыгъэхъу, зезыхуэ лІым е лъэпкъым и щІэкІэ еджэу щІадзащ: Трамэхэ, Хьэгъундыкъуэхэ, Есэнейхэ, Бэлэтокъуэхэ, Лоухэ, Безырхэ. Куэцэхэ, нэгъуэщІхэри.

Ахэр псори адыгэш пэтми, щхьэхуэ-щхьэхуэу зэрызэрахуэм апхуэдизкІэ зэщхьэщигъэкІати, «Мобыхэ я шы лъэпкъыр нэхъыфІщ», «Хьэуэ, мобыхэ я шы лъэпкъым щІыхьэр щызІэкъым», жаІэу щІадзащ. Ауэрэ, хэкум «Къэбэрдей» цІэр игъуэта нэужь, «къэбэрдеиш» жаІэу щІадзащ.

Адыгэшыр уанэщ хъарзынэ пэтми, фІагъыу хэлъым хуэдиз дагъуи иІэт: и лъэгу дыгъур имыхт, и лъэгур теущІат, щабэти, мывалъэ гъуэгу хъуамэ игъэдзыхэрт, щІэхыу щІакъуэ хъурт. Езыр Іэсащэти, зауэ хъуамэ, шыбгъэрыуэ яхуищІтэкъым. Джатэ къихар зыныгъуу и щІыб ис зауэлІым псомкІи едаІуэ пэтми апхуэдизкІэ къэрабгъэти, елъэдэкъауэу и бийм ирихутІыщамэ, лъэныкъуэкІэ зыщІидз мыхъумэ, бгъэкІэ жьэхэуэу и бийр зыщхьэщиудыртэкъым.

Ар щыщІагъэ инт. Адыгэлі хахуэмрэ зытес шымрэ зэхуэхъуртэкъым. Адыгэшыр апхуэдизкІэ къэрабгъэти, нэгъуэщІ шы лъэпкъхэм яхэту фІэдзапІэм фІадзамэ, кІэзызу яхэтт, ахъумэ зыми езэуэфтэкъым. «Уэркъ хашэкъым, адыгэш уэркъым» щІыжаІар арт. АдыгэлІхэр абы хуабжьу ириплъэщхьейт.

Ауэрэ къэкІуатэурэ, XVI лІэщІыгъуэм и етІуанэ Іыхьэм Талъостэнхэ Щолахъу шылъэпкъыщІэу къихъуэри а цІэри а шы лъэпкъым фІищыжащ. «Щолахъу» шы лъэпкъыр и теплъэкІи, и Іэплъэпкъым и зэхалъхьэкІи, и хьэлкІи адыгэшым кІыщхьэщыкІырт икІи ефІэкІырт. Я инагъкІэ тІури зэхуэдизт. Адыгэшым и кІэбдз лъакъуитІыр мащІэу хуэкъуаншэт, Щолэхъум ейр захуэт. Щыжэкіэ адыгэшым и лъакъуэхэр зэхипхъэмэ, щолэхъум и фІалъэ лъакъуитІыр зэуэ, и кІэбдз лъакъуитІри зэуэ зэдидзурэ хьэджафэ жэкІэу жэрт. Сосрыкъуэ и Тхъуэжьейм щхьэкІэ «Хьэдзажэт, бжэныкуэт» жыхуаІэм хуэдэт. Адыгэшым и тхьэкІумэхэр дзасэм хуэдэу гъэкІауэ иныгъмэ, щолэхъум и тхьэкІумитІыр зэпымыууэ зэблигъэжырт, и тхьэкІумэ зэхуакум цы Іув дэтти, жэщ кІыфІым кэлыду, маскІэр къыдихыурэ кІуэрт. Къарс тенджыз Іуфэм кърахуа пшІэгъуалэжьым къилъхуа хакІуэ пщІэгъуалэм кытехъукІати, щолэхъур нэхъыбэу пщІэгъуалэт, е гъуабжэт (щхъуэт), ауэ зырызыхэ пщІэгъуэплъ е къарэ къахэкІырт, абы щыгъуэми «лІэужьыр бжьыблкІэ мауэ» жыхуаІэрати, я нэхъ къарэ дыдэми цы хужь зырыз хэпхъауэ хэтт, щолэхъум къызэрыхэкІар и щыхьэту. Андемыркъан и Жэманшэрыкъ пщІэгъуалэр къыздрашари а лъэныкъуэрт.

Адыгэшым ещхьу и щІыбым ис зауэлІымкІэ щолэхъурн Іурыщіэт, ауэ псом нэхърэ нэхъ щхьэпэр щыбгъэрыуэкІэ къэгъазэ ищІэртэкъым. И щІыб ис зауэлІым слъэдэкъауэу зригъэзамэ, и бгъэмкІэ еуэрти и бийр зыщхьэщиудырт. И щІыб ис зауэлІым и джатэр кънхауэ щхьэщыхьэрти, и бийм текІуагъэххэт. Мыбдежым адыгэлІымрэ адыгэшымрэ зэхуэхъуу зэрыгъуэтащ. Ар инъукІэ ехъулІэныгъэшхуэт, яхуэмыгъуэту къагъуэтат. «Жэрыбэр зи уэркъым езыт» жаІэу щолэхъум и уэрэдым щыхалъхьар арат. А псом и щІыІужкІэ щолэхъум адыгэхэм фІыуэ ялъагъу пшІэгъуалэ плъыфэр я теплъэт.

И теплъэм и фІагъым щхьэкІэ щолэхъур псынщІэу «Къэбэрдейм дэнэ къэна, Кавказым, дуней псом щыІуащ, Ираным, Тыркум, Италием яшэхуу хуежьащ. Щолэхъум и шы лъэпкъым табу трилъхьэри уанэш фІэкІа шы Іэпын яришакъым.

Шы пшІэгъуалэхэр адыгэхэм нэхъыфІ дыдэу ялъагъурти, нэхъыбэу уэрэдым халъхьар араш.

«И пщІэгъуалэшхуэр къухьышхуэ пхащІэкІэ
нытхуэзэрешэ»,
«ПщІэгъуалэжьыдзэр хы тІуащІэм ыдошэсыкІ».
(Бахъшысэрей зекІуэм и уэрэд. XV лІэщІыгъуэм и ятэ Іыхьэм).

«ПщІэгъуалэ кІэщІыр Андемыркъаным хуагъафІэ,
Афэхум и быдэр Андемыркъаным щатІагъэ».
(Андемыркъан и уэрэд. XVI лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэм).

«ПщІэгъуалэм дахэу зегъазэ,
ЗауапІэм къыІунэжэр Къэзаншхэ фи Хьэнэгукъщ».
(Темрыкъуэ лІыхъу и уэрэд. XVI лІэщІыгъуэм и етІуанэрей Іыхьэ).

«Къутасым лъыхэр-хебгъашэщ,
ПщІэгъуалэм лъыпсыр йожэхыр».
(Щэджашэу Щолэхъужь и уэрэд. XVI лІэщІыгъуэм и етІуанэрей Іыхьэ).

И пщІэгъуалэшхуэр кІэупст,
И бжыкІыр псэууэ нехъыжэ».
(Къэрэкъощхъэтау зауэм и уэрэд. XVI, XVII лІэщІыгъуитІыр щызэпыхьэт).

«Си пщІэгъуалэшхуэр къыщІэфщ,
Си дышэ уанэр схутефлъхьэ!».
(Борэжь и гъыбзэ).
«ПщІэгъуалэр куэщкъкІэ зэрешэ,
Шэ фий макъым доджэгу».

(Сэнджэлей и уэрэд. XVII лІэщІыгъуэм и ятэ Іыхьэ).
«ЗекІуэшурэ пщІэгъуалэ дахэр
Фызабэш хабзэурэ мэщыгъуэ».
(Жансэхъухэ я гъыбзэ. XVII лІэщІыгъуэм и ятэ Іыхьэ).

«И пщІэгъуалэжьым хьэсэпэр ихъуурэ къэзгъанэщ».
(Нартыгу и тхьэусыхэ).
«ПщІэгъуалэ кІэщІыр шы фашэ дахэкІэ нагъэпсыр,
Къардэнхэ фи нысэ ябгэм и жыр лэныстэр и Іэщэт».
(ЛъхукъуэлІыдзэм и уэрэд. XVIII лІэщІыгъуэм и ятэ Іыхьэ).

«Пщыр зыукІар къамэ Іэпщэхут,
Шы хужьым тест».
(Хэкур зыбгынахэм я гъыбзэ).
«ЗекІуэ пщІэгъуалэжьхэр зыщагъэпсыр Кулэ дежщ,
ЗекІуэ кънкІыж шухэр зыщепсыхыр Кулэ дежщ».
(Кулэ дахэ и уэрэд. XVIII лІэщІыгъуэм и етІуанэ Іыхьэ).

«Зи пщІэгъуалэр нэзкІапэщІэплъ,
Зи щхьэгъусэм хуемыплъэкІыж».
«Зи пщІэгъуалэр къуршыщхьэм щыджэгу,
Хур хъыджэбзхэри зи дэджэгуэгъу».
«Зи пщІэгъуалэр дэнэ сокупцІэ,
Зи афэр бдзапІэщэ Іунэ».
«Зи пщІэгъуалэр къуршыщхьэм щызекІуэ,
Зи зекІуапІэр зи гупсысапІэ».
(Хьэтх Мыхьэмэт и уэрэд. XIX лІэщІыгъуэм и ятэ Іыхьэ).

«Къэбанхэ я къуэр си ныбжьэгъуфІт,
И пщІэгъуалэфІыр къызет».
«Къэбан пщІэгъуалэр зэрыщІэзадэ,
Пщы зи хьэдэгъуэр тхьэм укъысщешэ».
«Итыр изоф, и фэр кызохь,
И фэр нэзыхьыр Къэбанхэ фи пщІэгъуалэжьырщ».
(Лъэпщ и къуэ Гъудэберд и уэрэд. XIX лІэщІыгъуэм и ятэ Іыхьэ).

«ПщІэгъуалэ цІыкІыр зэрынэфІыпІэ,
Зи напэр фІыщІэр Гуащэхужьыжьырщ».
(Асльэнджэрий и гъыбзэ. XIX лІэщІыгъуэм и кум).
Апхуэдэу шы пщІэгъуалэм хуэусащ адыгэхэр.

КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыку,
тхакІуэ, щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и лэжьакІуэ нэхъыжь.

Гъатхэ вэгъуэт. ВакІуэлІхэр губгъуэм ихьат. Ауэ абыхэм зэхуэдэу щІыр явэртэкъым, хэти егугъуу кууэ вэрт, хэти вэщхъурт.

Дауи, гурыІуэгъуэт щІым уегугъумэ, гъавэ нэхъыбэ къызэрытепхыфынур. Ар ВакІуэлІ фІыуэ ищІэрт. ИкІи абы илъэс къэс хигъахъуэу гъавэ бэв къытрихырт.

ВакІуэлІ вих зэрихуэрти,

— Модэ унэІутхэм ираллъхьэщ, — жаІэщ фызитІым, ВакІуэлІ губжьащ:

— Сыт унэІут жыхуэфІэр, фэ цІыху фыкъилъхуакъэ?! Мо фыз нэхъыжьыр флъагъуркъэ? Гум хьэпшыпыр илъхьэн еух. Абы и ужькІэ адрей фызхэми илъхьэн щІадзащ.

Гуишым фызищыр тесу къежьажауэ псышхуэ гуэрым

ВАКІУЭЛІ ХЪЫБАР

жыІэщІэу игъэсат, и куэбжэм къыдэкІын, дыхьэжын хуей хъуми зыщІыпІи фІагъанэртэкъым, вэну хьэсэм хыхьами шэщІауэ екІуэкІырт.

Ар вэуэ екІуэкІыу къуажэщыр губгъуэм кэихьауэ плъэмэ, елъагъу ВэкІуэлІ къафэу вым ябгъурыту зэрекІуэкІыр. Пщым ар игъэщІэгъуащ, губжьауи къыбгъэдыхьащ.

— Сыт апхуэдизу уи гурыфІыгъуэр? Сэ сыкъуажэ тетрэ пэт апхуэдэ гукъыдэж сиІэкъым, гурыфІыгъуэ гуэри слъагъуркъым, — жиІэу къыщеупщІым:

— ПІэщхьагъыфІ сиІэщи араш сыкъыщІэфэр, — жэуап иритащ.

— Сыт ар зищІысыр?

— Щхьэгъусэфі сиІэщ, жысІэу араш.

— НтІэ къызэхъуэж, — къолъэІу пщыр.

— Узохъуэж.

— Езым идэну дызэхъуажэу?

— Хьэм ишхыну естми абы зыри жиІэнукъым.

Арати, ВакІуэлІ и щхьэгъусэр гум иригъэтІысхэри пщым хуишащ. Пщым и фызищыр къыщІишащ. Къалъыс мылъкур гум илъхьан хуей хъуащ.

— Модэ унэІутхэм ираллъхьэщ, — жаІэщ фызитІым, ВакІуэлІ губжьащ:

— Сыт унэІут жыхуэфІэр, фэ цІыху фыкъилъхуакъэ?! Мо фыз нэхъыжьыр флъагъуркъэ? Гум хьэпшыпыр илъхьэн еух. Абы и ужькІэ адрей фызхэми илъхьэн щІадзащ.

Гуишым фызищыр тесу къежьажауэ псышхуэ гуэрым

ВАКІУЭЛІ ХЪЫБАР

жыІэщІэу игъэсат, и куэбжэм къыдэкІын, дыхьэжын хуей хъуми зыщІыпІи фІагъанэртэкъым, вэну хьэсэм хыхьами шэщІауэ екІуэкІырт.

Ар вэуэ екІуэкІыу къуажэщыр губгъуэм кэихьауэ плъэмэ, елъагъу ВэкІуэлІ къафэу вым ябгъурыту зэрекІуэкІыр. Пщым ар игъэщІэгъуащ, губжьауи къыбгъэдыхьащ.

— Сыт апхуэдизу уи гурыфІыгъуэр? Сэ сыкъуажэ тетрэ пэт апхуэдэ гукъыдэж сиІэкъым, гурыфІыгъуэ гуэри слъагъуркъым, — жиІэу къыщеупщІым:

— ПІэщхьагъыфІ сиІэщи араш сыкъыщІэфэр, — жэуап иритащ.

— Сыт ар зищІысыр?

— Щхьэгъусэфі сиІэщ, жысІэу араш.

— НтІэ къызэхъуэж, — къолъэІу пщыр.

— Узохъуэж.

— Езым идэну дызэхъуажэу?

— Хьэм ишхыну естми абы зыри жиІэнукъым.

Арати, ВакІуэлІ и щхьэгъусэр гум иригъэтІысхэри пщым хуишащ. Пщым и фызищыр къыщІишащ. Къалъыс мылъкур гум илъхьан хуей хъуащ.

къикІыжын хуей хъуащ. ВакІуэлІ выгухэр псым зэриутІыпщыкІащ, фызхэр пхъэ закъуэ лъэмыжым иришэлІащ. Фыз нэхъыжьыр япэу псым иришыну хуежьащ. Ахэр псыкум щынэсым, псым фызыр щІигъэмбырыуэри къиІэтыжа иужькІэ еупщІащ:

— Сыт пщым къыбдигъуар?

— Сэ сыдыгъуэрабзкъым, ар дыгъуэрабзкІэ къызэджэрт.

— НтІэ абы Іэмал иІэщ, — жиІащ ВакІуэлІ. Апхуэдэу етІуанэ фызыр псым щІигъэмбырыуэщ, къыхихыжри еупщІащ:

— Сыт пщым къыбдигъуар?

— Сэ сыкуэпэчкъым, ар куэпэчкІэ къызэджэрт.

— Абы Іэмал иІэщ, — жиІащ.

Ешанэри псым щІигъэмбырыуэщ, къыхихыжри еупщІащ пщым къыдигъуамкІэ.

Фызитыр ВакІуэлІ и унэ къишащ. Куэпэч зыфІаща фызым бжибл хэлъу унэ хуещІ зымкІэ къыщІыхьэрэ зымкІэ щІэкІыжу. Фыз нэхъыщІэм къыгурыІуэт а унэр зищІысыр, езым зэрыхуащІар. Ар ВакІуэлІ йолъэІу унэр Іуихыжыну, фыз нэхъыжьри абы иригъэлъэІу. ЩІасэлІ Іуэху зезымыхуэж фызым и унэр Іуахыж. Адрей фызми жеІэ пщым дэлъхуищІа хъэлэр зэхимылъхьэну. Фызхэм хьэл дахэ захригъэлъхьат, пщэфІэкІэ, махъсымэ щІыкІэ зэригъэпэкъуэкъуурэ, ахэр Іэзэу пшафІэу, я фадэри къыкэпхыжыр умыщІэу ягъэхъэзырыфу хъуат.

Етіуанэ гъатхэр къэсауэ, ВакІуэлІ нелъэмей ищІу вым ябгъурыту екІуэкІыу пщым илъэгъуащ. Пщым и жэр Іурыхуауэ елъыртабы: «Мыр сыту гъащІэгъуэ-кІыу щытамэ, иджы нелъэмей ещІ», — жиІэурэ пщыр къыбгъэдохьэ.

— «Бов, апщий! Мыр сыт апхуэдизу уи гурыфІыгъуэр? Япэм укъафэу уекІуэкІамэ, иджы нелъэмей уощІри ухэтщ. Сыт апхуэдэу гукъыдэж-къоэбытыр?

— ПІэщхьагъыфІ сиІэщ.

— Уи пІэщхьагъыфІыр сэ къызэпхъуэжащ. — жиІащ пщым.

— Иджы сиІэхэр нэхъыфІыжщ. — жуаэ итижащ.

— НтІэ уэ апхуэдэу гушхуэныгъэ къозыт, нелъэмей уэзыгъэщІ щхьэгъусэр къызэхъуэж.

Абыкіи ар игъэщІэхъуакъым. Япэм иІа щхьэгъусэр ВакІуэлІ къишэжри пщым и фызитІыр хуишэжащ. Пщым къуажэр зэхуишэсри унэфэ ищІащ гъэсакІуэ, лэжьыгъэфІ зыгъэбатэ, еш зымыщІэ, мэкъумэш и пІалъэ фІыуэ зыщІэ ВакІуэлІ къуажэ унафэщІ ящІыну икІи къуажэдэсхэр абы аразы техъуащ. Жылэм дыкъунужьыжащ. Ешэнэ фызым пщыр къыщыщІэупщІам ар цІыху хъуну зэрыщымытар жриІащ.

Зытхыжар

МЫРЗЭБЭЧ Зэчийщ.

УСЫГЪЭХЭР

БАХЪУЭ Бетлал

УПСЭУЩ, АНЭШХУЭ

Гъэмахуэ дыгъэр къыщыщІэкІкІэ
Сыщытщ сэ сежьэу уи гуфІэкІэм,
И бзийр щышэскІэ ди къурш щхьэкІэм.
Анэшхуэ, сыбдожьу уэрэдкІэ.

Щыпзым мазэр сфІощІ къэпшийуэ
Бгъэжьауэ жьэгукІэ къыдыш
Мэхъэнэри мазэр зэм шэ фалъэ
Изоф ераиар Іум щыдийуэ.

Сыщ1эсщ сэ ноби унэ пхащэм
Щылыду сытхъур и пІалэнэм.
Щылежьу жьыбгъэр пкІэунэщэм
СыІуплъэхукІэ уи сми напэм.

Си щхьэцыр ещхьми кьаижэ бгъэгум,
Сабий сохъужри сигу зэфІокІэ.

Щхьэлыкъуэ гъуэгум сриплъэхукІэ
Бэзэрым лъапцІэу уэ сыбдокІуэ,
Хьэпшыр мэжалІэу сыІущІэхукІэ
Сощхьи уэгъу бзаджэм и нэгъэщІэгъуэн.

Дунейм тетыху уэрэд шэнэ1э
Псэунущи си бзэу уэ уи тхыгъэр,
Мыхъуми дыгъэшхэ уэрэдыбэр
Сэ сыкъэзыухъуреихь сшІоигъуи.

ЖЫІЭГЪУЭХЭР

✦ Зым ищІэр щэхущи, тІум ищІэр нахуэщ.
✦ Хэти шыуагъэ Іэщіокі, хэти щыуагъэм Іэщіокі.
✦ Зы алэрыбгъу тхьэмыщкІибгъу тохуэри, зы навсей тезгъэрыпхы.
✦ Мэлицэм щІакъуэу яхэтыр мэлыхъуэрт.
✦ Іуэхуфі ашыІэри жагъуэгъу щыщІэркъым.

ЩІАГЪЫБЗЭХЭР

Щлагъыбзэхэр

Адыгэр сыт щыгъуи псалъэ шэрыуэкIэ къулейт. Псом хуэмыдэу абы гу лъыптэрт, гушыIэу, зэхъурджауэу щIадзамэ. ЩIагъыбзэ дахэкIэ и купщIэр гъэпщкIуауэ псэлъэкIэ телъыджэ къызэкъуахырт, зэхыхьэ хъуамэ.

Апхуэдэхэм иджыри уарохьэлIэ.

— **Ур къалъэр къыщыджэрэ, джэр джэ быдэм нхьэжмэ, жырыр сытым и уасэ?** — пыгуфIыкIащ зэгуэрым дыззэсу нэхъыжыр. — Сыт абы къикIыр? ЖызыIэр хэт, зыжриIэри хэт, къафщIэт.

Iэджэми Iэджэ жытIащ, хуэдгъэфэщащ. Мыхьэнэ гуэр иIэу зыми зыри тхужыIакъым.

— **Аджлэн бгъурыбгъуищыр дыхьэрэнищэм ятелъу и уасэщ,** — мо зыщIэупщIам еэзым жэуап иритыжащ нэхъыжым.

Гупым ари дэнэ къащыгурыIуэнт. Щысхэр зэплъыжу тхьэмадэм адэкIэ пещэ мо тIу зэригъэпсалъэм:

— Пэжуи?

— **Бещто зэшибл, бранык и закъуэт. Гур тIакIуэу зыгъэжакъуэ Дзэгъэщтокъуэ и псэ, пэжмэ!**

— Дзэгъэщтокъуэ пцIыхурэ уэ?

— **Сыкъэзылъхуа си адэр сымыщIыхуну сысабижкъым.**

Мы псалъэхэм къарыкIри, жызыIэри, щIыжаIэри гурыIуэгъуэтэкъым. Зыкъомрэ дегупсыса наужь, щIалэрэ хъыджэбзрэ зэпсалъэу къыщIрагъэдаащ. ЩIалэр щIэупщIэрт, хъыджэбзым жэуап къритырт. Нэгъуэщ1 зыри къытхуэщIакъым.

КъызэрыщIэкIымкIэ, зэрыщытыр мырат: щIалэ гуп унагъуэ гуэрым и куэбжэпэм къыщыазтоувыIэри, маджэ. Хъыджэбз къыщIокI.

— **Ур къалъэр къыщыджэрэ, джэр джэ быдэм нхьэжмэ, жырыр сытым и уасэ?** — йоупщI зы щIалэр.

Хъыджэбзым щIалэ гупыр и щыпэлъагъутэкъым, дауи. ИмыщIэуи къэкIуагъэнутэкъым. КъищIыхужащ. Мыхэр лъыхъущ. Зыхуейри къызытекIухьари гурыIуэгъуэт. ЩIагъыбзэри къищIащ.

Ур. Мыр тырку псалъэщ. Адыгэм и мызакъуэу, нэгъуэщI лъэпкъхэми яIэщ. **Ур уадэкIэ — умэкIэ** еджэу пхъэ уадэщхуахэр япэм адыгэхэм зэрахьэу щытащ. Мыбдежым нэгъуэщI мыхьэнэ иIащ — псалъэ быдэ жиIэу аращ. ЩIалэм абы къригъэкIыр лъыхъур зэрымыгушыIэрщ, и псалъэр зэрыбдэрщ. А ди псалъэр апхуэдизкIэ быдэщи, ар зыкъутэфын жыр щыIэ, щыIэпэми, сыт а жырым и уасэр?

Ахэр псори къызыкIалъыкIуа хъыджэбами, и щхьэм уасэ хуищIыжыну къыщыхуихуэм (щIыхухъу пщIантIэм дэсамэ, апхуэдэу хъурэт?). **«Аджлэн бгъурыбгъуищыр дыхьэрэнищэм ятелъу и уасэщ»,** — къаритыжащ жэуап.

Мы псалъэхэм я мыхьэнэр зэпкърыйх хъурт, **аджлэн** жыхуиIэр мыхъуамэ. Ар арщыну къалъытащ. Япэм Iэ бгъурыбгъухэмкIэ бжэуэ щытащ. АбыхэмкIэ щэкIыр ябжурэ, къышачырт. Хъыджэбзым **«дыхьэрэнищэм ятелъу»** щIыжиIэри гурыIуэгъуэщ. Дыхьэрэнур унагъуэхэм я псэущхьэ дахэу аращ. Вы, шы дахэ.

Жэуапыр губзыгъэу эратыжа щIалэр арэзы хъуами, щIэупщIэжащ: «Пэжуи?». Япэм тIэкIу къэуIэбжьами, хъыджэбзым и гур къызэрыгъуэтыжауэ иджы къыпещэ: «Бещто зэшибл». КъэкIуахэм я унэщIэр Бещтощ, блы мэхъу. Бранык жыхуиIэр и адэ къуэшт, мо къэкIуахэм ящIэрт ар зи цIэр. Бранык и закъуэт. Ар къыхэнжауэ пIэм хэлът, икIи тэмэмтэкъым, жэуапкIэ уэрыцыгугъ мыхъуну гуэрт.

«Гур тIакъуэу зыгъэжакъуэ Дзэгъэщтокъуэ и псэ», щIыжиIэр, и адэ Дзэгъэщтокъуэри зыщIыпIэ жэкъуащ. тIакIуэу. къэсыжакъым. Апхуэдэу мыхъуамэ, иджыпсту фи пащхьэм сэратэкъым птынур, жыхуиIэщ. «Дзэгъэщтокъуэ и псэ, пэжмэ!» — хэIэтыкIауэ щыжиIэкIэ, гу лъумытэу къанэркъым адэр зэрыцIэрыIуэр и пхъум нэбдзэу зэрытелъым.

Хъыджэбз губзыгъэм, купщIафIэу къит жэуапхэм Iэнкун ящIэ щIалэр тэлайкIэ и щхьэр егъэзыхауэ щытщ. ИтIанэ мэгушыIэ:

— Дзэгъэщтокъуэ пцIыхурэ уэ?

— **Си адэ сыкъэзылъхуар сымыщIыхуну сысабижкъым,** — жеIэ хъыджэбзым. Абы и гушыIэр къегъэзэбэри иреIуэкI зэрымысабижыр, и унагъуэ ихьэгъуэ зэрыхъуар.

ГЪУКIЭЛI Исуф,
журналист.

Иджыблагъэ Москва щекIуэкIащ лэмбадэмкIэ Союзпсо конкурс. А еплъыныгъэ гъэщIэгъуэныр къызэригъэпэщащ къафэмкIэ «Ритм» экспериментальнэ объединенэм. Балигъхэм я деж пашэныгъэр щаубыдащ Черкесск къалэм щыщхэу Евгъэмыкуэхэ Уэлийрэ Натальерэ (сурэтым). Апрелым и кIэм ахэр Флоренцием кIуэнущ абы щекIуэкIыну дунейпсо зэпеуэныгъэм хэтын папщIэ.

(ТАСС).

КОНКУРСЫМ ЩЫТЕКIУАХЭЩ

Зым ищIэр щэхущи,
тIум ящIэр наху эщ.
Хэти щыуагъэ IэщIокI,
хэти щыуагъэм IэщIокI.

Мэлищэм щIакъуэу яхэтыр мэлыхъуэрт.

Iуэхуф1 зыщIэри жагъуэгъу щызщIэркъым.

Мэхъужри мазэр зэм жэз фалъэ
Изоф ерэныр Iум щыдийуэ.

СыщIэщ сэ ноби унэ пхащэм
Щылыду сытхъур и пIанэпэм,
Щызежэу жьыбгъэр пкIэунэншэм
СыIуплъэхункIэ уи сын напэм.

Гугъуехь бжыгъэншэр зэрылъ Iэгур
Къыдолъэ си щхьэм слъагъумэ нанэ,
тхъуэплъыр,

Пщымыхъу фэеплъу Iуащхьэ щIыкIур
Кънна кхъэ куэщIым уи кIыхьагъэу,
Щисшауэ ину щIым и нэкIум
Уи макъщ къыщыIур гъащIэ гъагъэм.

Дунейм тетыху уэрэд жызыIэ
Псэунущ си бзэу уэ уи тыгъэр,
Мыхъунщ дыгъэшхэ уэлэщыIэр
Къибнащи си гум пхэлъа гугъэр.

ЖЕЙ, ДИ АНЭ

Хуэму, хуэму, дунеишхуэ, сигу, зыщыIэ,
Анэр Iэфlу согъэжей, къэвмыгъэущ,
Губгъуэ гъагъэ, и нэкIу щабэм
дэлъэт уи Iэр,

Сринхуху севгъэплъ, и пщIыхьым
къыхэвмыщ.

Нэ къыхуэтми,
щIыху щхьэлъащIэм къилъхугъэуэ
Пщащэм Iей къыфхэту дауэ жиIэфын,
Гъащ1э псори къэзыгъащIыр ар фэрауэ,
Хэт лъэкIын псэ дыдэр фэ
къыфщIимытын?!

Уи дахагъыр сэ уэрэдкIэ къэсIуэтами,
Уэ апхуэдэу утелъыджэу сымыщIа,
Гуапагъ псори уи гу лъащIэм
щыгъэгъащи.
Анэ, щIылъэм ущIыпащIыр зыхэсщIащ!

КъыщIызохри а уи нитIым щIэлъ
накыгъэр
Мыухыжу уи гъатхэпIэр зэIузох,
Бзэм я Iэфlыр япэу тыгъэ уэ
схуэпщIащи,
Жей ди анэ, уигукIэ жыпIэр зэхызох.

Сабийхэм папщIэ — ХЬЭТУ Петр

КЪАНЖЭ ДЫГЪУЭРАБЗ

Ей, къанжэжьу бзаджэкIей,
Джабэ хужьу кIакIэрей,
Хьэл мыгъуэжьу дыгъуэрей,
Уи кIэ кIыхь бгъэхъэнцэранцэу,
Ди кхъужьейм ущымылъей.

Щуугъэнэм удехьэхыр,
Узытеплъэр уогъэбзэх,

Уи ужь Iейкlэ сумыгъэхьэу,
Упсэу щIыкIэ, зыгъэбзэх.

Хьэуэ жыпIэм (уэрщ зи ягъэр!)
Гъэру пщIантIэм ущеспхынщ.
Джэду хъуар къыпщыдыхьэшхыу,
Уи кIэ кIыхьри пызгъэщынщ.

ГЪУЭРЫГЪУАПЩКIУЭ

КIущэ цIыкIур Iу щабэщ,
Iэ дэслъамэ, гъурнущ,
Ди хадэшхуэм илъадэу,
ЗысфIигъэпщкIуу и хьэлщ.

Къауц щабэр зи куэду
Къыпысчынщи къэрабэр,
Згъэлъэтэнщи ди хадэм,
Къигъуэтышкъэ Iу щабэр.

Уэ къэрабэ, къэрабэ,
Уэ къэрабэ цы щабэ,
Сынопщэнщи, къызжеIэ
Си Iу щабэр здэщыIэр.
У-ху-у!..

Уэхухуху!
Къэзгъуэтащ, къэзгъуэтащ,
Зиущэхуауэ Iу щабэр
Тхьэрыкъуэфым хэсащ!

ГЪЭЩIЭГЪУЭНЩ

Гъатхэ пасэ пэтми, дунейр дыгъэ пээзэт. Италием и къалэ цIыкIу гуэрым и уэрамхэм ящыщ зым сабийхэр цыджэгурт. Абы хэту, зы бгъэ абрагъуэ уащхъуэдэмыщхъуэу къеухщ, илъэситI ныбжьым ит щIалэ цIыкIур ипхъуатэри, уэгум ихьэжащ. А гужьеигъуэшхуэр зи нэгу щIэкIа цIыкIухэм зэраIуэтэжымкIэ, сабийр бгъэм и лъэбжьанэм фIэлъу Къухьэпэ лъэныкъуэмкIэ ихьащ. Ар къыщыхъуар мы гъэм мартым и 21-рац. Абы лъандэрэ цIыхухэр машинэкIэ, кхъухьлъатэкIэ мэлъыхъуэри бгъэм и абгъуэри сабийм и кIуэдыпIэри къахуэгъуэтыркъым.

* * *

Бразилием щыщ Фернандо Рибейро езыр зытелэжьыхь хьэсэм игъащIэм цIыхухэм ямылъэгъуауэ нащэ бэгъуа къыщигъэкIащ. Ауэ абы зы нащэ абрагъуэ къыхэкIащи, псом нэхърэ нэхъ телъыджэщ. Абы и кIыхьагъыр зы метррэ сантиметр 17-рэ, и лъагагъыр илъэсибл хъуа сабийм хуэдиз мэхъу. А нащэ абрагъуэм килограмм 40 и хьэлъагъщ. Абы апхуэдиз и инагъ хъуныр къызыхэкIар IэщIагъэлIхэм къахуэгъэщIэркъым.

Абы япэкIэ Австралием и еджагъэшхуэхэм килограмм 22-рэ и инагъыу нащэ къагъэкIати, «Гиннесс» и тхылъым ират хауэ щытащ. Ауэ, Фернандо игъэкIа нащэрагъэнущ иджы а тхылъ щIэрыIуэм бжьыпэр щызыубыдынур.

* * *

Дэ лIы пелуан Iэджэ зэрыщыIэм дыщыгъуазэщ. Абыхэм ящыщ зым кхъухьлъатэр и пIэм иригъэкIуэтыф, етIуанэм автомобилыр щхьэпредзыф, ещанэм килограмм щищым щIигъу мывэ абрагъуэр и бгъэм трелъхьэри щIым къытрелэтыкныф. Ауэ иужьрей зэманым пелуан егъэлеяхэри цIыхубзхэм къащыхэкI нэоху. Абы и щыхьэтщ Париж щыпсэу Мари Маккардовэ и къарууфIагъэр. Мари тонн 12 зи хьэлъагъ хьэлъэзешэ машинэм трос ирищIэщ, и дэмкIэ нубыдыжри метр 50-кIэ ипщ. Абы щыгъуэми а цIыхубз щIыкIум и хьэлъагъыр килограмм 45-рэ къудейщ. Ауэ мы Iуэхум нэгъуэщI зы гъэщIэгъуэни хэлъщ. Мари и дэхэр апхуэдизкIэ зэтрикъуэати, машинэр игъэIэпхъуа нэужь, сыхьэт ныкъуэкIэ и жьэр хузэтехыжакъым.

Пщэдджыжь гуэрым Къанщауэ и щхьэгъусэм хуэтхьэусыхащ:

— Уэлэхьэ, фызыжь, а зы махуэ зи гугъу пхуэсщIа кIурушкIэм хуэдэ къэдмыгъуэту щытмэ, ди нысэмрэ дэрэ гугъу, дызэрегъэхыну къыщIэкIынмэ. — жиIэри.

— Алъандэрэ ар сигу къызэрымыкIыжа, лIыжь? Дыгъуасэ ди тыкуэным апхуэдэ кIурушкIэ дыдэ хъушэжьу щIэлъу слъэгъуащ. — жэуап къритыжащ фызым.

Тридзэри Къанщауэ тыкуэным кIуащ. Зиплъыхьащ. Ауэ зыхуейр щимылъагъум, Къанщауэ и дамэкэр дришэщ.

Абы гу лъызыта тыкуэнтет хъыджэбзыр Къанщауэ къеупщIащ:

— Сыт ухуеят, дадэ? — жиIэри.

— Ди нысэм, тIо, фызыжьымрэ сэрэ псы щхьэкIэ делъэIуа нэужь кIурушкIэкъур езым иныгъуырэ кыдетри гугъу идогъэхь, — жэуап итыжащ лIыжьым, хъуэрыбзэ щIэлъу,—КъуитI тету зы кIурушкIэ сыхуейт. Апхуэдэ хъушэжьу фиIэу къыжаIэри фызыжьым сыкигъэкIуати, слъагъуркъым.

— Уэ, дадэ, нанэ укънгъапщIащ. Нобэ гушыIэгъуэ махуэщ — апрелым и 1-щ! — жэуап къитыжащ тыкуэнтет хъыджэбзым, дыхьэшхыурэ.

Къанщауи зэрылъэлъу дыхьэщхри, тыкуэным къыщIэкIыжащ.

* * *

Зы фызыжь гуэр тыкуэным щIыхьэри зыхуей ерыскъыхэкIэр къищтащ. ИтIанэ кассэм бгъэдыхьэри:

— Къысхуэбжыт иджы, тIу! Дапщэ уэстыну?—хъыджэбзым еупщIащ.

Нэр темыпIэу хъыджэбзыр шотым неуащ-къеуащ.

—Сомищрэ ныкъуэрэ, нанэ! — кассэм ис хъыджэбзыр убзэрэбзащ.

— Уи шотыр иджыри зэ идзэжыт, тIу!—нанэр хъыджэбзым елъэIуащ.

— Мыр сыт, Iей? Укъэзгъапщlэу унгугъэ? — хъыджэбзым къехьэлъэкIыурэ аргуэру шотыр иридзэри: — тIэкIэ сыщыуати?! Сомищрэ щанищрэ къызэптынущ, нанэ! — жиIащ.

— Иджыри пэжкъым! — жиIащ фызыжьым.

Хъыджэбзым аргуэру зэ шотыр иридзэри:

—Сомищрэ кIэпIейкIибларэ къащтэ, нанэ! — жиIащ.

— Мис иджы нэхъ тэмэмщ! — арэзы техъуащ фызыжьыр.

— Ди сабийхэр къэдгъэкIуэху, мис мыпхуэдэу фохъунщIэри, я нэпсхэр къыщIэлъэлъу ныв ут1ыщыж.

— Мыр сыт, на-Iей? Ер вы бжьакъуэм щхьэ кIибгъэкIрэ, нанэ? — зыазэкIэщIишащ тыкуэнтет хъыджэбзым. Нобэ гушыIэгъуэ махуэти, сэри тIэкIу сыбдэгушыIауэ аращ.

— АIей, а гушыIэныр дэри сыту зэ къытлъымысрэ? — нанэм къищэхуам и уасэр иритащ, тIэкIуи ехъурджауэри къыщIэкIыжащ.

* * *

Адэ-анэхэм я зэIущIэм щыIауэ къыщIыхьэжа лIыр фызым токIие-

—ЦIыхугъэ уиIэкъым. Сыт уэ ди къуэр щеджэ школым и номерыр къыщIызжумыIар? Ныщхьэбэ лъандэм солъыхъуэри къалэм сыдэтщ.

* * *

Зы пщэдджыжь гуэрым ефэрент1 зэхуэзауэ зэхуэтхьэусыхэжырт.

— Дыгъуэшыхь сыту хъэлэчу сефа нкIи сытуи куэдыщэ зэхэскIа? — мэгурым зыр.

— НытIэ емынэм щхьэкIэ апхуэдиз зэхэпкIа?—кIогие етIуанэр.

— Зэ хидза нэужь, абы уегупсысыжрэ? — жэуап етыж етIуанэм. — Згъуэтыр изгъэхъуащ. Сэ сызыкIыпар щукъ дыдэу хэгъэхъуэжа одеколонырагъэнуш.

КъБАССР-м И МВД-м КЪЕТ

Апрелым и 16-м къыщыщIэдзауэ 22-м нэсыху республикэм щIэпхъаджагъэу 13 къыщыхъуащ, цIыхуи 3 яхъунщIащ, 3-м фэбжь хьэлъэ нрадзащ, цIыхубзи 3 лей нрахащ, цIыхуитху зэуащ.

А зэманым гъэгухэм аварием 24-рэ къыщыхъуащ. Абыхэм цIыхуи 5 хэкIуадащ, 27-м фэбжь хахащ. Зы цIыхум наркотикхэр къыкъуахащ, зы лыбыдащ фадэкIэ сондэджэру. БлэкIа тхьэмахуэ зэхуакум цIыхуи 9 я унэм щIэкIри къагъэзэжакъым. ЦIыхуи 3-м заукIыжащ.

ИДЖЫ КЪЭХЪУАМ ТЕХХУАУЭ НЭХЪ ЗЫУБГЪУАУЭ

Апрелым и 18-м жэщым хэкIуэтауэ республиканскэ сымаджэщым яшащ Налшык къалэм щыпсэу цIыхухъу. Абы и щхьэм фэбжь хьэлъэ телъщ. Iуэхур зэхагъэкI.

Апрелым и 19-м Налшык и «ЩIалэгъуэ» кинотеатрым и гъунэгъуу щIалитIым Каменкэ щыщ цIыхухъу щаубэрэжьащ икIи и хьэпшыпхэмрэ ахъшэмрэ щытрахащ. ЩIэпхъаджащIэхэр щIэхыу яубыдащ. Ахэр Нартан къуажэм щыщщ.

Апрелым и 21-м Налшык и джэдкъаз фабрикэм и поселкэм деж цIыхухъуитIым Налшык щыщ щIалэ сэкIэ щагъэбыныэри хуагъэуващ и автомашинэмкIэ къалэм ишэну. БзаджащIэхэр яубыдащ.

Апрелым и 20-м Майскэ къалэм дэт «Юбилейный» рестораным и гъунэгъуу щIыпIэм щыщ цIыху щаубэрэжьри щахъунщIащ. ХъунщIакIуэр яубыдащ, ар Куян къуажэм щыщу къыщIэкIащ.

Апрелым и 17-м шэджагъуэ нэужьым Налшык дэт СПТУ-5-м и гъунэгъуу къалэм щыщ гуэрым гъуэгурыкIуэр игъэшынэри ихъунщIащ. А махуэ дыдэм ар яубыдащ.

Апрелым и 18-м Прохладнэ къалэм щызэдефа нужь цIыхубзитI зэфIэнэжащ. Зыр адрейм птулъкIэкIэ еуащ, фэбжь зыгъуэтар сымаджэщым щIагъэгъуэлъхьащ.

А махуэ дыдэм Бахъсэн къалэм и сымаджэщым ирашэлIащ щIалэ уIэгъэ. Iуэхур зэхагъэкI.

Апрелым и 19-м жэщым Нарткъалэ щаубыдащ сыхьэтитI и пэкIэ автомашинэ езыхужьа. Сыт имыщIами, абы зыхуэгъэпщкIуакъым.

ТЕЛЕВИДЕНЭ

АПРЕЛЫМ И 30—

МАЙМ И 6-хэм

БЛЫЩХЬЭ

Апрелым и 30

Япэ программэ. 8.00 — псоми папщIэ спорт. 8.15 — ритмическэ гимнастикэ. 8.50 — «Восточная Сибирь». Киножурнал. 9.00 — «Пщэдджыжьым нэхъ пасэу!». '10.00 — «Хэкум къулыкъу хуащIэ». 11.00 — суверенитет России. Ещанэ къэтыгъуэ. 12.00 — «Блиц». Развлекательнэ программэ. 12.30 — педагогикэр псоми папщIэ. 13.30 — «Бурда моден» фи пащхьэ кърелъхьэ...», 14.00 — мультфильм. 14.10 — «Нидерландхэр: къэралымрэ цIыхухэмрэ». Киноконцерт. 16.00 — «Советхэр: власть зэрыIрагъэгъуэтыр. Япэ къэтыгъуэ. 16.30 — «Марафон-15». 18.00 — международнэ панорамэ. 18.45 — «Утыкум зевгъэубгъу». Эстрадэ программэ. 21.00 — Зэман. ХъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 21.30 — «Ар щыIащ... щыIащ...». 21.55 — хоккей. Дунейм и чемпионат. Ар щызэпагъэуэм (23.35) — хъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 00.30 — Лаймы Вайкуле и концерт.

ЕтIуанэ программэ. 8.00 — пщэдджыжь гимнастикэ. 8.15 — концерт. 9.10 — «Соленый пес», Художественнэ фильм. 10.20 — музыкальнэ комедиемрэ оперетгэмрэ я театрхэм я Россиепсо еплъыныгъэм и кIэух. 11.20 — «Журавлиные перья». Тувэм и «Кузел» щIалэгъуалэ театр-студием и фильм-спектакль. 12.30 — концерт. 14.25 — коллаж (рекламэ, информацэ, хъыбарегъащIэ). 18.25—хоккей. Дунейм и чемпионат. Ар щызэпагъэуэм (19.10)— спортыр псоми папщIэ. 20.00 — нэхулъэфI фыкъыкI, цIыкIухэ! 21.00 — Зэман. ХъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 21.30 — «Происшествие в Утиноозерске». Художественнэ фильм. 22.40 — РСФСР-м и къалэхэм я телестудиехэм.

ЩIыпIэ программэ. 14.30 — Къэбэрдей-Балъкъэрым и народнэ усакIуэ КIыщокъуэ А. дыIуощIэ. 15.25 — фильм-концерт. 15.55 — телевизионнэ урок. Адыгэбзэ. 16.15 — дунейм щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ). 16.25 — «Си къуажэр — Джэрпэджэжщ» (балъкъэрыбзэкIэ). 16.50 — документальнэ фильм. 17.00 — «ХьэщIэщ». Литературно - этнографическэ журнал (адыгэбзэкIэ). 17.45 — щIэныгъэ-популярнэ фильм. 17.55— «Республикэм и махуэ».

ГЪУБЖ

Майм и 1

Япэ программэ. 8.00 — хъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 8.15—документальнэ фильм. 8.25 — СССР-м и народхэм я уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ. 8.55 — мультфильмхэр. 9.25 — концерт. 9.55 — Москва. Краснэ площадь. Митинг-маевкэ. 11.35 — «Ежьагъуэ псынщIагъуэхэр». 12.35 — «Соло для слона с оркестром». Художественнэ фильм. Япэ, етIуанэ сериехэр. 14.45— П. И. Чайковский. Оркестрыр зыщIыгъу фортепианэм папщIэ япэ концерт. 15.20 — мультфильм. 15.30 — «Лэгъупыкъу». 16.45 — музыкальнэ программэ. 18.15 — мультфильм. 18.30 — «ЩIыр псоми дыдейщ». Сурэт конкурс. 18.35 — «Вход в лабиринт». Сериткэ хъу телевизионнэ художественнэ фильм. Япэ, етIуанэ сериехэр. 21.00 — Зэман. ХъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 21.40 — «Аншлаг... Аншлаг...». 23.10 — «Интершлягер-90». Эстрадэ уэрэдымкIэ международнэ конкурс. 00.55 — «Къафэхэр, къафэхэр, къафэхэр...».

ЕтIуанэ программэ. 8.00 — пщэдджыжь гимнастикэ. 8.15— мультфильм. 8.55 — ритмическэ гимнастикэ. 9.25 — документальнэ фильм. 9.55 — цIэрыIуэ хъуа классическэ музыкэм и концерт. 11.25 — «Экспромт». Документальнэ телевизионнэ фильм. 11.35 — Р. Солнцев. «Статья». Фильм-спектакль. 15.00 — уэрэдыр цIыхум къыхуонэж. 16.00 — сабийхэм папщIэ фильм. «Весенняя Олимпиада, или Начальник хора». 17.10 — «Музыкэмрэ фащэмрэ». 20.00 — нэхулъэфI фыкъыкI, цIыкIухэ! 20.15 — Киносерпантин. Дубль-2. 21.00 — Зэман. ХъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 21.40 — Киносерпантин. Дубль-3.

ЩIыпIэ программэ. 18.00 — «Тамаша». ШколакIуэхэм папщIэ (балъкъэрыбзэкIэ). 18.20 — мультипликационнэ фильм. 18.30 — концерт. (адыгэбзэкIэ). 19.05 — «Iуащхьэмахуэ лъапэ». Телевизионнэ фильм. 19.15 — «Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэмахуэшхуэ». ГуащIэрыпсэухэм я демонстрацэм къратыкI репортаж.

БЭРЭЖЬЕЙ

Майм и 2

Япэ программэ. 8.00 — хъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 8.15 — мультфильмхэр. 8.40 — документальнэ телефильм. 9.15 — «Без трех минут ровно». Художественнэ фильм. 10.30 — концерт. 11.20 — киноафишэ. 12.20 — мультфильм. 12.35 — ТекIуэныгъэр илъэс 45-рэ щрикъум ирихьэлIэу. «Маршал Рокосовский. ГъащIэмрэ зэманымрэ». Документальнэ фильм. 14.05 — «ЩIыр псоми дыдейщ». Сурэт конкурс. 14.10 — «Циркыр псоми фIыуэ ялъагъу». Свердловск къратыкI. 14.55 — футбол. СССР-м и кубок. «Локомотив» — «Динамо» (Киев). 16.50 — сабийхэм папщIэ концерт. 17.35 — мультфильм. 17.55 — балетым и пщыхьэщхьэ. 19.40 — «Вход в лабиринт». Художественнэ фильм. Ещанэ серие. 21.00 — Зэман. ХъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 21.40 — коллаж (рекламэ, информацэ, хъыбарегъащIэ). 21.45 — хоккей. Дунейм и чемпионат.

ЕтIуанэ программэ. 8.00 — пщэдджыжь гимнастикэ. 8.15 — концерт. 8.55 — фильм-концерт. 9.40 — документальнэ фильм. 10.10 — мультфильмхэр. 10.30 — «Ди гъусэу щIы, дэ тхуэдэу щIы, дэ нэхърэ нэхъыфIу щIы». 11.30 — «Ветер надежды». Художественнэ фильм. 12.45 — «Опальный принц» гупым зыкъегъэлъагъуэ. Киев къратыкI. 13.00 — зэпамыгъэу фильмхэр. (Мультфильмхэр). 13.10 — «Бумбараш». Сериткэ хъу телевизионнэ фильм. 16.25 — хоккей. Дунейм и чемпионат. 19.00 — фильм-концерт. 19.55 — коллаж (рекламэ, информацэ, хъыбарегъащIэ). 20.00 — нэхулъэфI фыкъыкI, цIыкIухэ! 20.15 — «Къалэр, цIыхухэр, гукъыдэжыр». 21.00 — Зэман. ХъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 21.40 — зэпамыгъэу фильмхэр. (Мультфильмхэр). (21.50) — «31 июня». Сериткэ хъу телевизионнэ художественнэ фильм.

ЩIыпIэ программэ. 15.25 — «Лъагъуэ». ЩIалэгъуалэм папщIэ программэ (адыгэбзэкIэ). 16.05 — «Советский воин». Киножурнал. 16.15 — махуэшхуэ концерт (балъкъэрыбзэкIэ). 16.45 — «Япэ дыдэу утыку къохьэ». Документальнэ фильм. 16.55 — телевизионнэ урок. Адыгэбзэ. Апрелым и 30-м къатэм къытрагъэзэж. 17.15 — документальнэ фильм. 17.25 — Себастьян М. «ЦIэ зимыIэ вагъуэ». Спектаклыр Шэрдэжэс областнэ драматическэ театрым егъэлъагъуэ (адыгэбзэкIэ). Ар щызэпагъэуэм — документальнэ фильм. 20.00 — нэхулъэфI фыкъыкI, цIыкIухэ! ЦТ. 20.15 — «Республикэм и махуэ». 20.35 — «Нэрылъагъу, нахуапIэ».

МАХУЭКУ

Майм и 3

Япэ программэ. 6.30 — «Дакъыкъи 120-рэ». 8.35 — мультфильмхэр. 9.05 — хоккей. Дунейм и чемпионат. 11.10 — сабийхэм хуэхаха сыхьэт. 12.10 — кърым тэтэрхэм я лирическэ уэрэдхэр. 12.25 — коллаж (рекламэ, информацэ, хъыбарегъащIэ). 12.30 — Зэман. ХъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 15.30 — хъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 15.45 — «Музыкальнэ къулеигъэхэр». В. Моцарт. 16.35 — селекционер икIи генетик А. Жебрак и гъащIэм теухуа документальнэ фильм. 17.15 — мультфильм. 17.35 — «ТелеЭКО». Журнал. 18.05 — «ЩIыр псоми дыдейщ». Сурэт конкурс. 18.10 — мультфильм. 18.30 — Зэман. ХъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 19.00 — «...Илъэс пщыкIух ныбжьым итхэм, нэхъыжьхэм папщIэ». 19.45 — поэзием хуэхаха дакъыкъэхэр. 19.50—«Вход в лабиринт». Художественнэ фильм. Епплан серие. 21.00—Зэман. ХъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 21.40 — мыхьэнэшхуэ зиIэ псалъэмакъ. 21.50 — «Л. Паваротти СССР-м и Театр ным щыIэщ». ФIыщIэ концерт. 23.50 — хъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ.

ЕтIуанэ программэ. 8.00 — пщэдджыжь гимнастикэ. 8.15— 8.35, 9.35 — музыкэ. 7-нэ классэ. 9.05, 10.05 —англыбзэ. 10.35, 11.35 — литературэ. 6-нэ класс. 11.05—«ТелеЭКО». Журнал. 12.05 — документальнэ фильм. 17.00 — концерт. 21.00 — концерт. 21.30—спортыр псоми папщIэ. 21.45 — «Гюстав Курбе». ЩIэныгъэ-популярнэ фильм. 8.35, 9.35 — биологие, 11-нэ класс. 9.05, 10.05 — испаныбзэ. 10.35, 11.35 — литературэ. 10-нэ класс. 11.05 — ди жыг хадэр. 12.05 — документальнэ фильм. 20.45 — «Вертикаль». Документальнэ фильм. 21.30 — «Ураган приходит неожиданно». Художественнэ фильм.

ЩIыпIэ программэ. 16.45 — «Сыщалъхуа си лъахэ» (адыгэбзэкIэ). 17.15 — мультипликационнэ фильм. 17.25 — ТекIуэныгъэр илъэс 45-рэ щрикъум ирихьэлIэу. 17.55 — «Дунейр тхьэмахуэ зэхуакум (балъкъэрыбзэкIэ). 18.05 — лъэпкъ музыкальнэ инструментхэм ягъэзащIэ макъамэхэм ятеухуауэ. 18.45 — цIыхубэ информацэм и IэмалхэмрэIцIэ щIэлъагъуэлэмрэ. 19.35 — «Республикэм и махуэ». 20.00 — нэхулъэфI фыкъыкI, цIыкIухэ! ЦТ. 20.15—«Пшыналъэ». Музыкальнэ хъэщIэщ (адыгэбзэкIэ).

МЭРЕМ

Майм и 4

Япэ программэ. 6.30 — «Дакъыкъи 120-рэ». 8.35 — документальнэ фильм. 9.00 — мультфильмхэр. 9.35 — «Псынэхэр». 10.05—сабийхэм хуэхаха сыхьэт. 11.05 — «Ар щыIащ... щыIащ...». 11.35 — «Ежьагъуэ псынщIагъуэхэр». 12.35 — «Ритмы Земли». Художественнэ фильм. 14.05 — «Ди гъусэу щIы, дэ тхуэдэу щIы». 14.30 — «Ветер надежды». Художественнэ фильм. 15.00 — «Ритмы Земли». Художественнэ фильм. Ещанэ серие. 16.30 — «Ди гъусэу щIы, дэ тхуэдэу щIы». 17.00 — «Ветер надежды». Художественнэ фильм. 17.30 — «Ритмы Земли». Художественнэ фильм. Ещанэ серие. 18.30 — «Ди гъусэу щIы, дэ тхуэдэу щIы». 19.00 — «Ветер надежды». Художественнэ фильм. 19.30 — «Ритмы Земли». Художественнэ фильм. Ещанэ серие. 20.30 — «Ди гъусэу щIы, дэ тхуэдэу щIы». 21.00 — «Ветер надежды». Художественнэ фильм. 21.30 — «Ритмы Земли». Художественнэ фильм. Ещанэ серие. 22.30 — «Ди гъусэу щIы, дэ тхуэдэу щIы». 23.00 — «Ветер надежды». Художественнэ фильм. 23.30 — «Ритмы Земли». Художественнэ фильм. Ещанэ серие. 00.30 — «Ди гъусэу щIы, дэ тхуэдэу щIы». 01.00 — «Ветер надежды». Художественнэ фильм. 01.30 — «Ритмы Земли». Художественнэ фильм. Ещанэ серие. 02.30 — «Ди гъусэу щIы, дэ тхуэдэу щIы». 03.00 — «Ветер надежды». Художественнэ фильм. 03.30 — «Ритмы Земли». Художественнэ фильм. Ещанэ серие. 04.30 — «Ди гъусэу щIы, дэ тхуэдэу щIы». 05.00 — «Ветер надежды». Художественнэ фильм. 05.30 — «Ритмы Земли». Художественнэ фильм. Ещанэ серие. 06.30 — «Ди гъусэу щIы, дэ тхуэдэу щIы». 07.00 — «Ветер надежды». Художественнэ фильм. 07.30 — «Ритмы Земли». Художественнэ фильм. Ещанэ серие. 08.30 — «Ди гъусэу щIы, дэ тхуэдэу щIы». 09.00 — «Ветер надежды». Художественнэ фильм. 09.30 — «Ритмы Земли». Художественнэ фильм. Ещанэ серие. 10.30 — «Ди гъусэу щIы, дэ тхуэдэу щIы». 11.00 — «Ветер надежды». Художественнэ фильм. 11.30 — «Ритмы Земли». Художественнэ фильм. Ещанэ серие. 12.30 — «Ди гъусэу щIы, дэ тхуэдэу щIы». 13.00 — «Ветер надежды». Художественнэ фильм. 13.30 — «Ритмы Земли». Художественнэ фильм. Ещанэ серие. 14.30 — «Ди гъусэу щIы, дэ тхуэдэу щIы». 15.00 — «Ветер надежды». Художественнэ фильм. 15.30

Сабийхэм я щыдэкыжь зэIущIэ — Налшык зыгъэпсэхупIэ паркым и кинолекторэм. Сыхьэт 11-м.

Налшык зыгъэпсэхупIэ паркым и «Бгым и ошхэр» сабий ансамблым и концерт — Налшык зыгъэпсэхупIэ паркым и кинолекторэм. Сыхьэт 12-м.

«Таурыхъхэм я дунейм» — Пионерхэмрэ еджакIуэхэмрэ я республикансэ унэм и гъэмахуэ эстрадэм. Сыхьэт 20-м.

МАЙМ И 2-м. Аттракционхэр, художественнэ самодеятельнэ коллективхэм я концертхэр — Налшык зыгъэпсэхупIэ паркым и аллее нэхъыщхьэм. Сыхьэт 12-м.

СПОРТ. СПОРТ. СПОРТ.

ТХЬЭМАХУЭМ. Нджырей пятиборьеманIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым пашэныгъэр къыщыхьыным теухуа зэхьэзэхуэр къызэIуах — Комсомолым и цIэкIэ Налшык щыIэ шыгъэжапIэм. Сыхьэтрэ 10-м.

МАЙМ И 1-м. ШахматымкIэ Союзпсо зэхьэзэхуэр — «Ладья» кIалэ шахмат клубым. Сыхьэтрэ 10-м.

МАЙМ И 2-м. Мыгъэрей шыгъажэ зэманым щIедзэ — Комсомолым и цIэкIэ Налшык щыIэ шыгъэжапIэм. Сыхьэт 12-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым вэсмахуэ республикэм и щIэныгъэлIхэр, IэщIагъэлIхэр кърихьэлIэу зэIущIэ щрагъэкIуэкIащ. Ар къызэхэIар Кавказым экологием и Iуэхур Iэмал имыIэу кэзIэтын, дыкъэзыухъуреихь дунейр зэтеуцIэпIэныр икIэщIыпIэкIэ къызэтегъэувыIэн зэрыхуейм теухуауэ Грузием и лIыкIуэхэр къызэрытхуеблэгъарт.

ЗэIущIэм куэдым щытепсэлъыхьащ. Экологием къытрагъэхъейкIри и гугъу ящIащ Грузиемрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ этнографие. Iуэрыlуатэ, тхыдэ, нэгъуэщI куэд я лъэныкъуэкIи

ЗЭIУЩIЭ ЩХЬЭПЭ

ижь-ижьыж лъандэрэ зы лъабжьэ яIэу къызэрызэдекIуэкIри, ауэ иджы а ди зэпыщIэныгъэхэр къызэрыдгъэтIэсхъам, дяпэкIэ дызэкIэлъыкIуэн, дызэрыщIэн зэрыхуейм.

ЗэIущIэм унафэ къыщащтащ Кавказым ис лъэпкъхэм я конгресс къызэрагъэпэщу, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным, ди зэпыщIэныгъэхэм зегъэужьыным теухуа Iуэхугъуэхэр щаубзыхуну.

ХЬЭТУ Петр.

IЭЗАПIЭХЭР— САБИЙХЭМ

Тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм щыIэ санаторэ нэхъыфIхэм ящыщ зыр — «Бимлюк» — СССР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм ираташ зи тхьэмбылыр уз сабийхэм щеIэзэн папщIэ. Зэкlэ абы щеIэзащ Чернобыльскэ АЭС-р къызэрыуам къыхэкIыу зи узыншагъэм зэраныгъэ игъуэта сабий гупышхуэм.

«Бимлюк» санаторэр зэраухуэрэ куэд щIакъым икIи ар СССР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и епIанэ управленэ нэхъыщхьэм ейуэ щытащ. Санаторэр медицинскэ оборудованэщIэ дыдэкIэ зэщIэузэдащ. Мыбы тенджызыпс зэрыт бассейн иIэщ, езым и школи щолажьэ.

Чернобыльскэ АЭС-р къызэрыуам зэранигъэ къызыхуихьа щIыпIэхэм щыпсэу сабийхэм ядэIэпыкъуным теухуауэ СССР-м и Президентым къыдигъэкIа Указым и жэуапу Кубаным и профсоюз комитетхэм лэжьыгъэшхуэм зрагъэубгъуащ а щIыпIэхэм краша сабийхэм загъэпсэхуным, еIэзэным теухуауэ. ЦIыкIухэр псом япэу кърагъэблэгъэнущ Геленджик, Туапсе районхэм щыIэ пансионатхэм.

ЖИЛЯКОВ В.,
ТАСС-м и корр.
Краснодар.

●

«Сыт сэ космосым сылъэтэну сыщIыхуейр?». Апхуэдэ тхыгъэкIэ къыщIадзат космосым ягъэлъэтэну зы журналист къыхэхыным теухуа конкурсыр. СССР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и медико-биологическэ институтым игъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм ихыкIа журналисти т х у м ящыщ Луценкэ Николай. Ар «НИКА ТВ» Союзпсо телекомпанием и лэжьакIуэщ.

СУРЭТЫМ: Луценкэ Н. и узыншагъэм кIэлъоплъ.

(ТАСС).

Редакторыр МЭЗЫХЬЭ Борисщ.

МЭРЕМ

Майм и 4

Япэ программэ. 6.30 — «Дакъикъи 120-рэ». 8.35 — документальнэ фильм. 9.00 — мультфильмхэр. 9.35 — «Псынэхэр». 10.05—сабийхэм хуэхаха сыхьэт. 11.05 — БССР-м и музыкальнэ фольклор. 11.45 —«...Илъэс пщыкIух ныбжьым итхэм, нэхъыжьхэм папщIэ». 12.30 — Зэман. ХъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 13.00— документальнэ фильм. 15.30 — хъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 15.45 — М. Мусоргский. Выставкэм кърахэ сурэтхэр. 16.15 — документальнэ фильмхэр. 17.05 — мультфильм. 17.35 — народнэ макъамэхэр. 17.45 — философием теухуауэ. 18.30 — Зэман. ХъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 19.00 — Прогресс. Информацэ. Рекламэ. 19.30 — концерт. 19.50 — «Вход в лабиринт». Художественнэ фильм. Етхуанэ серие. 21.00 — Зэман. Хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ. 21.40 — коллаж (рекламэ, информацэ, хъыбарегъащIэ). 21.45 — мыхъэнэшхуэ зиIэ псалъэмакъэ. 21.55 — «Ар щыIащ... щыIащ...». 22.25 — «Iуэху епIэкIэ». 00.10 — хъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ.

Етlуанэ программэ. 8.00 — пщэдджыжь гимнастикэ. 8.15— щIэныгъэ-популярнэ фильм. 8.35, 9.35 — музыкэ. 7-нэ класс. 9.05, 10.05 —англыбзэ. 10.35, 11.35 — литературэ. 6-нэ класс. 11.05—«ТелеЭКО». Журнал. 12.05 — документальнэ фильм. 17.00 — концерт. 21.00 — концерт. 21.30—спортыр псоми папщIэ. 21.45 — художественнэ фильм.

Щlыпlэ программэ. 17.00 — хъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ). 17.15 — телефильм. 17.40 — ВОС-м и народнэ творчествэм и япэ Россиепсо фестивалым хэтахэм я концерт. 18.20 — щIэныгъэ-популярнэ фильм. 18.35 — телевизионнэ урок. Адыгэбзэ. Апрелым и 30-м кIэтам кIыт-рагъэзэж. 18.55 — документальнэ фильм. 19.05 — нобэ Печатым и махуэщ. «Псалъэ пэжым и къарур» (адыгэбзэкIэ). 19.45 — документальнэ фильм. 19.55 — Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм тхэмахуэ къэкIуэ кIэтынухэм феплъ.

ЩЭБЭТ

Майм и 5

Япэ программэ. 6.30 — «Дакъикъи 120-рэ». 8.30 — концерт. 9.00 — ди жыг хадэр. 9.30 — «Уи зыкъэгъэлъэгъуэгъуэщ, артист». Е. Ласько. 9.55 — поэзием хуэхаха дакъикъэхэр. 10.00 — «Псэущхьэхэм я дунейм». 11.00 — суверенитет России. Епл1анэ къэтыгъуэ. 12.00 — «Спектр». 12.30 — Текlуэныгъэр илъэс 45-рэ щрикъум ирихьэлIэу. «Повесть о маршале Коневе». Художественно - публицистическэ фильм. 14.10 — сабийхэм папщIэ фильм. «За одну тройку». 15.15 — мультфильм. 15.30 — «Советхэр: власть зэрызрагъэгъуэтыр». Етlуанэ къэтыгъуэ. 16.00 — «Сэлэтхэм уэрэд щыжаIэм деж». 18.00 — международнэ панорамэ. 18.45 — балигъхэм папщIэ мультфильмхэр. 19.15 — режиссер Луков Л. и фильмхэр. «Две жизни». Япэ серие. 21.00 — Зэман. Хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ. 21.30 — «Две жизни». Художественнэ фильм. Етlуанэ серие. 23.00 — «Евровидение» международнэ организацэм хэт къэралхэм я эстраднэ уэрэджыIакIуэхэм я концерт. Ар щызэпагъэум — Хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ.

Етlуанэ программэ. 8.00 — пщэдджыжь гимнастикэ. 8.15 — концерт. 8.35 — документальнэ фильм. 9.00 — «Серафим Полубес и другие жители Земли». Художественнэ фильм. 10.30 — союзнэ республикэхэм я кинопублицистикэ. 10.45 — Э. Денисов «Пена дней» операр. 12.55 — документальнэ фильм. 13.25 — коллаж (рекламэ, информацэ, хъыбарегъащIэ). 13.30 — видеоканал «Советская Россия». 20.00 — нэхулъэфI фыкIэкI, цIыкIухэ! 20.15 — волейбол. 21.00 — Зэман. Хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ. 21.30 — «Пресс-клубым къегъэлъагъуэ» творческэ объединенэр. 22.55 — спорт гимнастикэ. 23.55 — «Жэщ сеанс». Кинюконцерт. 00.45 — «Беги, чтобы тебя поймали». Художественнэ фильм.

ТХЬЭМАХУЭ

Майм и 6

Япэ программэ. 8.00 — псоми папщIэ спорт. 8.15 — ритмическэ гимнастикэ. 8.45 — «Спортлотом» и тираж. 9.00 — «Пщэдджыжьым нэхъ пасэу!». 10.00 — «Хэкум къулыкъу хуащIэ». 11.00 — «Пщэдджыжь пощт». 11.30 — «Дунеяплъэ къэзыкIухьхэм я клуб». 12.30 — «Узыншагъэ». 13.15 — «Музыкальнэ киоск». 13.45 — киножурнал. 13.55 — мультфильмхэр. 14.35 — Текlуэныгъэр илъэс 45-рэ щрикъум ирихьэлIэу. 16.00 — «Сэлэтхэм уэрэд щыжаIэм деж». 18.00 — «Къуажэм зы сыхьэткIэ». 19.15 — концерт. 19.45 — П. И. Чайковский къызэралъхурэ илъэси 150-рэ щрикъум ирихьэлIэу. «Чайковский». Художественнэ фильм. Япэ серие. 21.00 — Зэман. Хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ. 21.40 — «Уахътыншагъэм теухуа гупсысэхэр». 21.55 — «Чайковский». Художественнэ фильм. Етlуанэ серие. 23.10 — футболым теухуауэ.

Етlуанэ программэ. 8.00 — зарядкэ фщIыну фыуэ! 8.15 — союзнэ республикэхэм я студиехэм я фильмхэр. 9.45 —«Къуэш зэхуэхъуа къалэхэр: Могилев — Габрово». Минск кърагъкI. 10.10 — сабийхэм папщIэ фильм. «Такой большой мальчик». 11.30 — «Дунеяплъэ къэзыкIухьхэм я клуб». 12.30 — профсоюзхэм США-м баскетболымкIэ щрагъэкIуэкI чемпионат. 13.30 — документальнэ фильм. 13.50 — «Къызэрыгуэкl гушыIэ». Ташкент къратыкI. 14.25 — коллаж (рекламэ, информацэ, хъыбарегъащIэ). 14.30 — видеоканал «Советская Россия». 17.00 — «Планета». 18.00 — СССР-м и чемпионат. «Спартак» — «Динамо» (Киев). Ар щыхуэ — спортыр псоми папщIэ. 20.00 — нэхулъэфI фыкIэкI, цIыкIухэ! 20.15 — волейбол. 21.00 — Зэман. Хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ. 21.40 — спорт гимнастикэ. 22.25—Силантьев Ю. В. и фэеплъу концерт.

Апрелым и 30

7.30 — «Май махуэшхуэм хуэтщI тыгъэхэр». Промышленнэ предприятхэм я лэжьакIуэ пэрытхэм ят рапорт. 11.30 — «Налшык» совхозым и мэкъумэшыщIэхэм щIым хъер къытехынымкIэ я опытыр. 11.40—12.00 — «Фэр папщIэ, къуажэдэс лэжьакIуэхэ!». Концерт. 17.15 — дунейр тхьэмахуэ зэхуакум. 17.25 — къуэш республикэхэм я уэрэдхэр. 17.55 — 18.45 — Къэжэр Хь. «Албэч и къуэ Бекъан». Сабийхэм папщIэ радиоспектакль.

Майм и 1

7.45—7.50 — «Ленин гъуэгу» газетым итххэр. 17.15 — Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэмахуэшхуэ. 17.45 — концерт. 18.20 — 18.30 — «Макъыщ1эхэр». «Круг» программэм щIыгъур.

Майм и 2

7.30—7.35 — газетым итхэр. 7.45—8.00 — концерт. 17.15 — «ЛIыхъужьыгъэмрэ цIыхугъэмрэ я дерсхэр». Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран Къущхьэ Къ. С. Радиоочерк. 17.30 — щIалэгъуалэм папщIэ концерт. 17.50—18.00 — «Жаншэрхъ».

Майм и 3

7.30 — «Хэпсэрщ бгъуэжынур...». «Куба» джэдкъаз лъэпкъыф! совхозым кърагъкI. 7.40—8.00 — концерт. 18.00 — хъыбарыщIэхэр. 18.15—18.45 — композитор-уэрэдусхэм я уэрэдхэр.

Майм и 4

7.30 — 7.35 — газетым итхэр. 7.50—8.00 — эстраднэ музыкэ. 11.15 — Текlуэныгъэр илъэс 45-рэ щрикъум ирихьэлIэу. Дыджэ зэкъуэшхэм ятеухуа радиоочерк. 11.35—12.00 — печатым и лэжьакIуэхэм папщIэ концерт. 17.15 — хъыбарыщIэхэр. 17.30 — «Лэжьыгъэм щыпашэхэр уэрэдкIэ догъэпажэ». Концерт. 17.55 — «Сэлэт письмохэр». Радиорасказ. 18.15 — «Фыкъафэ, зыгъэпсэху». 18.30—18.40 — «ЩIэм тету». ЦIыхубэ депутатхэм я лэжьыгъэм теухуауэ. Аруан район.

Майм и 5

7.30—7.35 — газетым итхэр. 7.45 — нобэ Печатым и махуэщ. 17.15 — хъыбарыщIэхэр. 17.20 — «Ди щIалэгъэм дэзм къулыкъу щащIэ». 17.30—17.55 — «Ди гъусэу зыгъэпсэху». Концерт.

Майм и 6

7.15 — Текlуэныгъэр илъэс 45-рэ щрикъум ирихьэлIэу. «Дэ дощIэж...». 7.30 — 7.50—«Гукъыдэжыф!». Концерт. 11.30—12.00 — Кхъуэлуфэ Хь. «Iуащхьэжьы» (Радиом и фондым щыщщ). 17.15 — «Жьэгупащхьэ». 17.45 — 18.20 — радиом едаIуэхэм я лъэIукIэ концерт. 18.20—18.40 — «Къайсын и псалъэ уахътыншэхэр».

ДИ ХЭЩIАПIЭР:

360000, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ урам, 5, епщIанэ къат.



ТЕЛЕФОНХЭР:

редакторым	— 2-21-64
приемнэм	— 2-22-89
редакторым и заместителхэм	— 2-21-86 — 2-22-84
ответственнэ секретарым	— 2-22-82
секретариатым	— 2-26-41 — 2-85-49

ОТДЕЛХЭР:

парт лэжьыгъэмкIэ	— 2-22-66 — 7-32-15
идеологиемкIэ	— 2-60-53 — 2-21-88
экономикэмкIэ	— 2-57-59 — 7-22-63
социальнэ Iуэхухэмкlэ	— 2-22-86 — 7-31-54
культурэмкIэ	— 2-22-83 — 7-31-69
хъыбарыщIэхэмкIэ	— 7-31-57
письмохэмкIэ	— 2-68-31
жэщ редакцэм	— 2-63-64
корректорхэм	— 2-60-27
газет цехым	— 2-35-60

КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и издательствэ

Ч 00612 Заказ № 3631